

3.3. Ingene abatwara botanga umuco ku vyo barangura

Amahangiro y'iki gice

- Umunyagihugu amenyere ku gihe ibiriko birakorwa
- Inyifato ibereye y'umukozi wa Leta mu kazi

Ikiringo: Iminuta 50

Ubuhinga bwo kuremesha iki gice: Abitavye inyigisho baratahura buhoro buhoro biturutse k'uwuremesha inyigisho

Ibikoresho mfashanyigisho

- Ibipapuro binini
- Amakaramu manini (feutres)
- Ikibaho

Gutomora

- Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ivyerekeye kumenyesha abanyagihugu ibiriko birakorwa n'inyifato ibereye umukozi wa Leta mu kazi
- Abitavye inyigisho baca bagerageza kwishura. Bikenewe, uwuremesha inyigisho abaza bese, abitavye inyigisho bakishura, bagenzi babo bakazishima bishuye neza canke bagakosora uwahuvye.

Umwanya	Igice bwite
5'	1) Ikibazo <ul style="list-style-type: none">• Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ivyerekeye kumenyesha abanyagihugu ibiriko birakorwa n'inyifato ibereye umukozi wa Leta mu kazi
10'	2) Abari muri izo nyigisho bese baca bagerageza kwishura ico kibazo <ul style="list-style-type: none">• Uwuremesha inyigisho aca yandika ku gipapuro muni y'ikibazo inyishu nziza zatanzwe• Inyishu zitangwa ni nyinshi arico gituma yogaba agatoramwo izitumbereye
15'	3) Gusubiramwo <ul style="list-style-type: none">• Uwuremesha inyigisho arasaba abazitavye guserura ivyiyumviro vyabo ku vyerekeye kumenyesha abanyagihugu ibiriko birakorwa n'inyifato ibereye umukozi wa Leta mu kazi• Uwuremesha inyigisho arasaba abazitavye gusoma inyishu zanditwe ku bipapuro babifashijwemwo n'umwe muri bo.• Uwuremesha inyigisho arabaza ko harimwo abashaka kugira ico bongera ku bihejeje gusomwa; canke mbere n'abashaka kuvuga ivyo bashoboye gutahura na bo nyene barahabwa ijambo.• Araheza akandika ivyiyumviro bimwe bimwe abona ko bihambaye; hanyuma agaheza akabifatirako mu kugira icegeranyo.

10	4) Uwuremesha inyigisho araheza akegeranya inyigisho ngenderwako abona ko zihambaye, kandi ivyo abigira abitavye inyigisho babikurikirana bose.
10	5) Mu kumenya ko inyigisho ngenderwako zatahuwe neza: <ul style="list-style-type: none"> • Uwuremesha inyigisho arabaza abazitavye ivyerekeye kumenyesha abanyagihugu ibiriko birakorwa n'inyifato ibereye umukozi wa Leta mu kazi

Inyigisho ngenderwako:

Ivyerekeye kumenyesha abanyagihugu ibiriko birakorwa n'inyifato ibereye umukozi wa Leta mu kazi:

- Kurahiza umukozi wese yinjiye mu kazi k'igihugu nk'uko vyategekanijwe n'amategeko agenga abakozi ba Leta
- Gusaba icegeranyo c'ivyakozwe inzego zose zitwara
- Gushiraho intumbero y'ukwigenza neza n'amategeko bijanye
- Guha agaciro ugukora neza ata kindi kirabwe atari akazi
- Gutegekanya ingene abakenera ibikorwa vya leta bokwigenza
- Gukomeza uburyo bwo guhana amakuru mu buzi bwa leta kugira ngo umunyagihugu amenyere ku gihe ibiriko birakorwa
- Ingene abakozi ba leta bokwakira ababituye
 - Gushiraho abakozi bajejwe kwakira n'ukuyobora ababituye
 - Guha abakozi bajejwe kwakira ababituye inyigisho zijanye n'inyifato bogira

3.4. Intwaro ishingiyeye ku butunzi

Amahangiro y'iki gice

- Gutunganya amahera ya leta
- Gucungera n'ugutunganya imfashanyo
- Ukworohereza abagwizatunga
- Ukwinjira mu mashirahamwe y'akarere

Ikingo: Iminuta 50

Ubuhinga bwo kuremesha iki gice: Abitavye inyigisho baratahura buhoro buhoro biturutse k'uwuremesha inyigisho

Ibikoresho mfashanyigisho

- Ibipapuro binini
- Amakaramu manini (feutres)
- Ikibaho

Gutomora

- Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ivyerekeye intwaro ishingiyeye ku butunzi
 - Gutunganya neza amahera ya leta
 - Gucungera n'ugutunganya neza imfashanyo
 - Ukworohereza abagwizatunga
 - Ukwinjira mu mashirahamwe y'akarere
- Abitavye inyigisho baca bagerageza kwishura. Bikenewe, uwuremesha inyigisho abaza bese, abitavye inyigisho bakishura, bagenzi babo bakazishima bishuye neza canke bagakosora uwahuyeye.

Umwanya	Igice bwite
5'	1) Ikibazo Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ivyerekeye intwaro ishingiyeye ku butunzi <ul style="list-style-type: none">○ Gutunganya amahera ya leta○ Gucungera n'ugutunganya imfashanyo○ Ukworohereza abagwizatunga○ Ukwinjira mu mashirahamwe y'akarere
10'	2) Abari muri izo nyigisho bese baca bagerageza kwishura ico kibazo <ul style="list-style-type: none">• Uwuremesha inyigisho aca yandika ku gipapuro muni y'ikibazo inyishu nziza zatanzwe• Inyishu zitangwa ni nyinshi arico gituma yogaba agatoramwo izitumbereye
15'	3) Gusubiramwo <ul style="list-style-type: none">• Uwuremesha inyigisho arasaba abazitavye guserura ivyiyumviro vyabo ku vyerekeye intwaro ishingiyeye ku butunzi

	<ul style="list-style-type: none"> • Uwuremesha inyigisho arasaba abazitavye gusoma inyishu zanditwe ku bipapuro babifashijwemwo n’umwe muri bo. • Uwuremesha inyigisho arabaza ko harimwo abashaka kugira ico bongera ku bihejeje gusomwa; canke mbere n’abashaka kuvuga ivyo bashoboye gutahura na bo nyene barahabwa ijambo. • Araheza akandika ivyiyumviro bimwe bimwe abona ko bihambaye; hanyuma agaheza akabifatirako mu kugira icegeranyo.
10	4) Uwuremesha inyigisho araheza akegeranya inyigisho ngenderwako abona ko zihambaye, kandi ivyo abigira abitavye inyigisho babikurikirana bose.
10	5) Mu kumenya ko inyigisho ngenderwako zatahuwe neza: <ul style="list-style-type: none"> • Uwuremesha inyigisho arabaza abazitavye ivyerekeye intwaro ishingiyeye ku butunzi

Inyigisho ngenderwako:

Intwaro ishingiyeye ku butunzi

1. Gutunganya amahera ya leta

- Amategeko agenga ugutunganya amahera ya leta atagira amahinyu
- Ukurondera amfaranga ava hagati mu gihugu no hanze kugirango imigambi ya leta iranguke
- Ugukoresha neza, ku mugaragaro, udaca ku ruhande amahera ya leta
- Ugucungera ikoresha ry’ayo mahera rijanye n’amategeko ya EAC na mpuzamakungu (Ibanki y’isi yose BM na Ikigega Mpuzamakungu FMI)
- Gutanga umuco ukwiye, ku gihe kw’ikoresha ry’ayo mahera
- Gukomeza ububasha bw’Ubushikiranganji bw’Ikigega ca Leta n’ubw’inzezo bikorana

2. Gucungera n’ugutunganya imfashanyo

- Uburundi bwafashe nka nkama Icemezo c’i Paris ku kamaro k’infashanyo
- Uburundi burafise urwego rwa Leta rujejwe gucungera imfashanyo
- Hariho urwego rufasha ibiganiro hagati ya Leta n’abanywanyi bayo mu buhinga no mu butunzi
- Hariho umurwi mpuza bushikiranganji ujejwe gukwirikirana amashirahamwe yo mu mahanga ategamiye Leta akorera mu Burundi
- Hariho urwego ruhuza Leta n’abagiraneza

3. Ukworohereza abagwizatunga: Kugira ico gikorwa kigende neza

- Gushiraho umugambi umwe gusa ubijejwe
- Guhindura ingendo n'ugukwirikirana ingendo nshasha
- Kworosha uburyo bwo kuronka ingurane
- Kworosha uburyo bwo kuriha amatagisi n'amakori
- Kworosha ubudandazwa bwo ku mbibe

4. Ukwinjira mu mashirahamwe y'akarere

- Uburundi buri muri UA: Ishirahamwe rya Afrika
- COMESA : Isoko rusangi ry'ibihugu vyo mu buseruko n'epfo ya Afrika
- CEEAC : Ishirahamwe ry'Ubutunzi ry'Ibihugu vya Afrika yo Hagati
- CEPGL : Ishirahamwe ry'Ubutunzi ry'Ibihugu vy'Ibiyaga Binini
- EAC : Ishirahamwe ry'Ibihugu vyo mu Buseruko bwa Afrika

Icigwa ca 4: Uruhara rw' umunyagihugu

D6: *Uburenganzira bw'uguserura icyumviro*



4.1. *Ingene umunyagihugu aronka uruhara mu buzima bw'igihugu*

Amahangiro y'iki gice

- Ingene umunyagihugu aronka uruhara mu buzima bw'igihugu
- Intumbero zitandukanye umunyagihugu akoresha mu ruhara afise mu buzima bw'igihugu
- Uruhara mu gufata ingingo z'igihugu
- Uruhara mu bumenyi
- Uruhara mu kwiteza imbere
- Imigwi ihabwa uruhara ruto: abakenyezi, urwaruka, abagendana ubumuga, abatwa

Ikiringo: Iminuta 50

Ubuhinga bwo kuremesha iki gice: Abitavye inyigisho baratahura buhoro buhoro biturutse k'uwuremesha inyigisho

Ibikoresho mfashanyigisho

- Ibipapuro binini
- Amakaramu manini (feutres)
- Ikibaho

Gutomora

- Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ingene umunyagihugu aronka uruhara
- Abitavye inyigisho baca bagerageza kwishura. Bikenewe, uwuremesha inyigisho abaza bose, abitavye inyigisho bakishura, bagenzi babo bakazishima bishuye neza canke bagakosora uwahuyeye.

Umwanya	Igice bwite
5'	1) Ikibazo <ul style="list-style-type: none"> • Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ingene umunyagihugu aronka uruhara
10'	2) Abari muri izo nyigisho bose baca bagerageza kwishura ico kibazo <ul style="list-style-type: none"> • Uwuremesha inyigisho aca yandika ku gipapuro muni y'ikibazo inyishu nziza zatanzwe • Inyishu zitangwa ni nyinshi arico gituma yogaba agatoramwo izitumbereye
15'	3) Gusubiramwo <ul style="list-style-type: none"> • Uwuremesha inyigisho arasaba abazitavye gusoma inyishu zanditwe ku bipapuro babifashijwemwo n'umwe muri bo. • Uwuremesha inyigisho arabaza ko harimwo abashaka kugira ico bongera ku bihejeje gusomwa; canke mbere n'abashaka kuvuga ivyo bashoboye gutahura na bo nyene barahabwa ijambo. • Araheza akandika ivyiyumviro bimwe bimwe abona ko bihambaye; hanyuma agaheza akabifatirako mu kugira icegeranyo.
10	4) Uwuremesha inyigisho araheza akegeranya inyigisho ngenderwako abona ko zihambaye,

	kandi ivyo abigira abitavye inyigisho babikurikirana bose.
10	<p>5) Mu kumenya ko inyigisho ngenderwako zatahuwe neza:</p> <p>Uwuremesha inyigisho arabaza abazitavye</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ingene umunyagihugu aronka uruhara

UMUKENYURO W'ABATWARA	UMUKENYURO W'ABATWARWA	
INTUMBERO : ABATWARWA BARINJIZWA MU MUGAMBI	MU MUGAMBI BARAFISE URUHARA	GUSHIRA IJWI HEJURU IYO HARI AMATATI
Gucinyiza ab'ujejwe	Bitaba babikeneye	Umugambi utagira ishingiro haza icyumviro c'ukuwuvamwo
Gukabura umuntu ku gatwe kiwe	Uruhara ku muntu	Uguharanira agateka k'umuntu ku gatwe kiwe
Gukorera hamwe	Uruhara mu rwinshi (ukwiyitirira umurwi)	Ugufatana mu mugongo
Kwinjizamwo ivyiyumviro	Uruhara mu gutunganya urwego	Politike (kwiyamiriza/kwemera ubutegets, ibibanza vy'ukuganiriramwo)

Inyigisho ngenderwako:

Uruhara rw'umunyagihugu n'ibiganiro mu mibano:

- Gushiraho amategeko agenga amanama (Inama z'akazi, inama z'ukwumviriza ico abanyagihugu bagona)
- Gushiraho urwego rw'ibiganiro hagati y'abaserukira abandi mu kazi n'intwari
- Gushiraho Inama y'Igihugu ijejwe ibiganiro mu mibano
- Uruhara mu gufata ingingo z'igihugu
- Uruhara mu bumenyi
- Uruhara mu kwiteza imbere
- Uruhara mu kugira imigambi, ukuyishira mu ngiro n'ukuyikwirikirana
- Imigwi ihabwa uruhara ruto: abatwa, abakenyezi, urwaruka, abagendana ubumuga,

D7: "Abanyagihugu barafise ico babaza abo bitoreye"



4.2. Gukurikirana ibikorwa vy'abatowe

⋮

Amahangiro y'iki gice

- Gutahura ibikorwa uwatowe asabwa gukorera abanyagihugu
- Gutahura uruhara rw'abanyagihugu mu gukurikirana ivyo abatowe bakora
- Kumenya ingene ibikorwa vy'uwatowe bikurikiranwa mu kiringo afise co gutwara


Ikiringo: 1H45

Ubuhinga bwo kuremesha iki gice: igicapo (igishushanyo), agakino

Ibikoresho mfashanyigisho

- Urupapuro, amakaramu asanzwe canke ay'igiti

Gutomora

Umwanya	Icigwa bwite
10'	1) <i>“Abagize inama mpanuzwajambo ya komine muhuriye kuki?”.</i>
10'	2) Uwuremesha inyigisho araha akanya ababigomba ngo bafate ijambo. 3) Uwuremesha inyigisho arasaba abantu 5 bavyishakiye kugira ngo batanguze igikorwa. Araheza akajana abo Bantu batanu kure y'abagize umugwi kugira ngo abasigurire ivyo bajejwe, yongere abahe n'ivyo bakora: uwatowe, umwenegihugu n'abandi bantu batatu.
	<p> Igikorwa:</p> <p>Ikibanza: inama ibereye muri komine A Igihe: Imyaka ibiri inyuma y'amatora Abakinyi: Uwatowe, abenegihugu bane</p> <ul style="list-style-type: none"> • Uwatowe: mu migambi yiwe, yari yarategekanije kwubaka ibarabara ribahuza na komine C; n'uguteza imbere ivyerekeye gushikana abagwayi kwa muganga hamwe n'ukwubaka ivuriro ritoya muri komine A, • Umwenegihugu wo muri komine A yabuze se yishwe nuko batashoboye kumunyarukana kwa muganga kubera ko amabarabara ari mabi, • Abandi benegihugu batatu baserukira umugwi w'abanyagihugu b'iyi komine bifuzaga gushigikira uwo munyagihugu wa mbere. Ntibashobora kuvuga. Ico bakora ni ugukoma amashi canke ukunywigira.
10'	4) Hanyuma, uwuremesha inyigisho aregera abagize umugwi mu kanya abakinyi baba bariko baritegura. 5) Araheza agaha intumbero abaja kuraba ibiba; nabo baba bari mu migwi itatu. <ul style="list-style-type: none"> • Umugwi wa mbere: Abari muri uyu mugwi barihweza inyifato ya wa munyagihugu; • Umugwi wa kabiri: Abari muri uyu mugwi barihweza inyifato y'uwatowe;

	<ul style="list-style-type: none"> • Umugwi a gatatu: Ingorane n'ingene zitorerwa umuti.
10'	<p>6) Uwuremesha inyigisho arabaza ko abari mu migwi bose biteguye. Hanyuma, aca atanguza agakino.</p> <p>7) Ako gakino gaheze, aca ashimira abakinyi na bo bagaca baja kwicara.</p>
20'	<p>8) Uwuremesha inyigisho arasaba abagize umugwi umwe umwe muri imwe itatu gushikiriza ivyo bashoboye kubona (gutahura).</p>
5'	<p>9) Uwuremesha inyigisho arasoma akongera agashikiriza muri make inyigisho ngenderwako zavuye muri iki gice kandi abari aho bose barakurikira ivyo avuga. Izo nyigisho ngenderwako zikurikirana n'iki gicapo</p>
10'	<p>10) Mu kumenya ko inyigisho zategerewe : Uwuremesha inyigisho arabaza : « ibibazo vyobazwa uwatowe mu kiringo ciwe c'ugutwara?»</p>
5'	<p>Mu gusozera, uwuremesha inyigisho arabaza abazitavuye iki kibazo: <i>“Ni ibihe bibazo vyobazwa uwatowe mu kiringo ciwe c'ugutwara?”</i></p>

Inyigisho ngenderwako:

<p>Abanyagihugu bategerezwa kwitaba n'ugukurikira ibikorwa vy'abatowe mu kiringo bafise c'ugutwara.</p>	<p>Uwatowe bazomurabira ku vyo yakoze bafatiye ku vyo yemeye mu kwiyamamaza.</p>	<p>Abanyagihugu barafise uburenganzira bwo gukurikirana ivyo abatowe bakora.</p>
---	--	--

Rwaruka, mutegerezwa kuvira hasi rimwe kugira ngo mutegeke abatowe gutegeka bisunze ineza ya bose.

4.3. Uruhara rw'urwaruka mu gufata ingingo

Amahangiro y'iki gice

- Gutahura uruhara urwaruka rufise mu gufata ingingo
- Gutahura igituma urwaruka rudahabwa ijambo
- Kumenya ko iyo abakurira urwaruka bafashe ingingo irwerekereye rutarimwo baba bariko bararurwanya

Ikiringo: Iminuta 50

Ubuhingana bwo kuremesha iki gice: Abitavye inyigisho baratahura buhoro buhoro biturutse k'uwuremesha inyigisho

Ibikoresho mfashanyigisho

- Ibipapuro binini
- Amakaramu manini (feutres)
- Ikibaho

Gutomora

- Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ingene urwaruka ruhabwa uruhara mu gufata ingingo, ingene ruhabwa ijambo
- Abitavye inyigisho baca bagerageza kwishura. Bikenewe, uwuremesha inyigisho abaza bese, abitavye inyigisho bakishura, bagenzi babo bakazishima bishuye neza canke bagakosora uwahuyeye.

Umwanya	Igice bwite
5'	1) Ikibazo <ul style="list-style-type: none"> • Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ingene urwaruka ruhabwa uruhara mu gufata ingingo, ingene ruhabwa ijambo
10'	2) Abari muri izo nyigisho bese baca bagerageza kwishura ico kibazo <ul style="list-style-type: none"> • Uwuremesha inyigisho aca yandika ku gipapuro muni y'ikibazo inyishu nziza zatanzwe • Inyishu zitangwa ni nyinshi arico gituma yogaba agatoramwo izitumbereye
15'	3) Gusubiramwo <ul style="list-style-type: none"> • Uwuremesha inyigisho arasaba abazitavye gusoma inyishu zanditwe ku bipapuro babifashijwemwo n'umwe muri bo. • Uwuremesha inyigisho arabaza ko harimwo abashaka kugira ico bongera ku bihejeje gusomwa; canke mbere n'abashaka kuvuga ivyo bashoboye gutahura na bo nyene barahabwa ijambo. • Araheza akandika ivyiyumviro bimwe bimwe abona ko bihambaye; hanyuma agaheza akabifatirako mu kugira icegeranyo.
10	4) Uwuremesha inyigisho araheza akegeranya inyigisho ngenderwako abona ko zihambaye, kandi ivyo abigira abitavye inyigisho babikurikirana bese.

10

5) Mu kumenya ko inyigisho ngenderwako zatahuwe neza:

Uwuremesha inyigisho arabaza abazitavye

- Ingene urwaruka ruhabwa uruhara mu gufata ingingo, ingene ruhabwa ijambo

Inyigisho ngenderwako:

Uruhara urwaruka rufise mu gufata ingingo

- Urwaruka rwarahawe “Inama y’Igihugu Ijejwe Urwaruka” ariko urwo rwego ntirufise inguvu zitangwa n’amategeko.
- Urwaruka ntiruserukiwe bikwiye;
- Urwaruka rwama rugendera mu bibaba vy’imigambwe;
- Vyoba vyiza urwaruka rwishingiye inzego ziruserukira;
- Harakenewe abashingamateka n’abakenguzamateka baserukira urwaruka.

Igituma urwaruka rudahabwa ijambo

- Urwaruka ruraganzwa n’abarukurira
- Abakiri bato bafatwa nk’abana
- Imigani n’imvugo vy’abakurambere yerekana ko atawokwizigira urwaruka
 - Uwukize ubuto arabwengera
 - Ubuto burahenda
 - Urwaruka ni « Burundi bwejo » ukamengo ivy’ubu ntibiruraba
- Urwaruka ntirushira ijwi hejuru ngo ruserure ivyiyumviro n’ivyipfuzo vyarwo
- Urwaruka ntirufise uburyo bwo gukorera hamwe

Iyo hafashwe ingingo zerekeye umurwi atabawuserukira; izo ngingo ziba ziriko zirawurwanya

4.4. Uruhara rw'urwaruka mw'iterambere

Amahangiro y'iki gice

- Gutahura uruhara urwaruka rwogira mw'iterambere
- Gutahura icotuma urwaruka rudasigara inyuma mw'iterambere

Ikiringo: Iminuta 50

Ubuhinga bwo kuremesha iki gice: Abitavye inyigisho baratahura buhoro buhoro biturutse k'uwuremesha inyigisho

Ibikoresho mfashanyigisho

- Ibipapuro binini
- Amakaramu manini (feutres)
- Ikibaho

Gutomora

- Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ingene urwaruka rwohabwa uruhara mw'iterambere n'icotuma rudasigara inyuma
- Abitavye inyigisho baca bagerageza kwishura. Bikenewe, uwuremesha inyigisho abaza bose, abitavye inyigisho bakishura, bagenzi babo bakazishima bishuye neza canke bagakosora uwahuye.

Umwanya	Igice bwite
5'	<p>1) Ikibazo</p> <ul style="list-style-type: none"> • Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ingene urwaruka rwohabwa uruhara mw'iterambere n'icotuma rudasigara inyuma
10'	<p>2) Abari muri izo nyigisho bose baca bagerageza kwishura ico kibazo</p> <ul style="list-style-type: none"> • Uwuremesha inyigisho aca yandika ku gipapuro muni y'ikibazo inyishu nziza zatanzwe • Inyishu zitangwa ni nyinshi arico gituma yogaba agatoramwo izitumbereye
15'	<p>3) Gusubiramwo</p> <ul style="list-style-type: none"> • Uwuremesha inyigisho arasaba abazitavye gusoma inyishu zanditwe ku bipapuro babifashijwemwo n'umwe muri bo. • Uwuremesha inyigisho arabaza ko harimwo abashaka kugira ico bongera ku bihejeje gusomwa; canke mbere n'abashaka kuvuga ivyo bashoboye gutahura na bo nyene barahabwa ijambo. • Araheza akandika ivyiyumviro bimwe bimwe abona ko bihambaye; hanyuma agaheza akabifatirako mu kugira icegeranyo.
10	<p>4) Uwuremesha inyigisho araheza akegeranya inyigisho ngenderwako abona ko zihambaye, kandi ivyo abigira abitavye inyigisho babikurikirana bose.</p>

10	<p>5) Mu kumenya ko inyigisho ngenderwako zatahuwe neza: Uwuremesha inyigisho arabaza abazitavye</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ingene urwaruka rwohabwa uruhara mw'iterambere n'icotuma rudasigara inyuma
----	--

Inyigisho ngenderwako:

Uwushaka guteza imbere igihugu akorana n'urwaruka

- Urwaruka n'umurwi nyamwinshi mu gihugu ;
- Urwaruka rufise ubukomezi bw'umubiri ;
- Urwaruka rurangwa n'ishaka n'ubukerebutsi ;
- Urwaruka rufise ivyiyumviro bitaratosekazwa n'ikibi
- Urwaruka rufise ivyiyumviro bishobora guhinduka

Ingene urwaruka rwohabwa uruhara mw'iterambere

- Guhabwa uruhara mu kwiyumvira imigambi ;
- Kuronka ikibanza mu kurangura imigambi ;
- Kuba mu bajejwe gukwirikirana irangurwa ry'imigambi
- Kuronka ibibanza vy'ubutegetsi mu migambi no mu ntwaro

Icotuma urwaruka rudasigara inyuma mw'iterambere

- Ukuronka imitahe ;
- Ukwiga amashule ;
- Ukumenya imyuga ;
- Ukworoherezwa mu kwimenyereza n'ukuronswa akazi
- Ukugira uburambe mu kazi ;
- Ukwizigirwa n'abarukurira ;
- Ukugenda amahanga «Akanyoni katagurutse ntikamenya iyo bweze ».

4.5. Ubwenge burarahurwa

Amahangiro y'iki gice

- Gutahura ingene urwaruka rwokwongereza ubumenyi n'ubushobozi

Ikingiro: Iminuta 50

Ubuvinga bwo kuremesha iki gice: Abitavye inyigisho baratahura buhoro buhoro biturutse k'uwuremesha inyigisho

Ibikoresho mfashanyigisho

- Ibipapuro binini
- Amakaramu manini (feutres)
- Ikibaho

Gutomora

- Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ingene urwaruka rwokwongereza ubumenyi n'ubushobozi
- Abitavye inyigisho baca bagerageza kwishura. Bikenewe, uwuremesha inyigisho abaza bose, abitavye inyigisho bakishura, bagenzi babo bakazishima bishuye neza canke bagakosora uwahuvye.

Umwanya	Igice bwite
5'	1) Ikibazo Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho urwaruka rwokwongereza ubumenyi n'ubushobozi
10'	2) Abari muri izo nyigisho bose baca bagerageza kwishura ico kibazo <ul style="list-style-type: none"> • Uwuremesha inyigisho aca yandika ku gipapuro muni y'ikibazo inyishu nziza zatanzwe • Inyishu zitangwa ni nyinshi arico gituma yogaba agatoramwo izitumbereye
15'	3) Gusubiramwo <ul style="list-style-type: none"> • Uwuremesha inyigisho arasaba abazitavye gusoma inyishu zanditwe ku bipapuro babifashijwemwo n'umwe muri bo. • Uwuremesha inyigisho arabaza ko harimwo abashaka kugira ico bongera ku bihejeje gusomwa; canke mbere n'abashaka kuvuga ivyo bashoboye gutahura na bo nyene barahabwa ijambo. • Araheza akandika ivyiyumviro bimwe bimwe abona ko bihambaye; hanyuma agaheza akabifatirako mu kugira icegeranyo.
10	4) Uwuremesha inyigisho araheza akegeranya inyigisho ngenderwako abona ko zihambaye, kandi ivyo abigira abitavye inyigisho babikurikirana bose.

10

5) Mu kumenya ko inyigisho ngenderwako zatahuwe neza:

Uwuremesha inyigisho arabaza abazitavye

- urwaruka rwokwongereza ubumenyi n'ubushobozi

Inyigisho ngenderwako:

Akanyoni katagurutse ntikamenya iyo bweze

- Urwaruka rurashobora kwongereza ubumenyi bigizwe n'urundi rwaruka
 - Amanama yigisha
 - Ukugenderanira
 - Ugutunganya ibiyago
 - Ukwumviriza amaradiyo n'imboneshakure
 - Ugusoma ibitabu n'ibinyamakuru
 - Ugukoresha ingurukanabumenyi
- Urwaruka rurashobora kwongereza ubushobozi bigizwe n'urundi rwaruka
 - Ukugendera amahinguriro
 - Ugukora mu gihe c'akaruhuko
 - Uruganda rwigisha
 - Kuja mu mahayanishwa y'ivyahinguwe
 - Kwitaba amahuriro y'inkino n'akaranga
- Urwaruka rurashobora kwongereza ubumenyi n'ubushobozi mu kugendera ibindi bihugu
 - Ibintu bitunganijwe ukundi
 - Ibintu bikorwa ukundi
 - Ukugereranya n'ingene bimeze mu Burundi ukahakura icigwa

Icigwa ca 5: Ukurwanya ibiturire n'isesagurwa ry'itunga ry'igihugu

! 5.1. Igiturire n'iki? Ni nde akirya? Kiribwa gute? Kiribwa kuki?

Amahangiro y'iki gice

- Kumenya igiturire ic'arico
- Kumenya uwurya igiturire
- Kumenya ingene kiribwa
- Kumenya igituma hari igiturire

Ikingo: Iminuta 50

Ubuhinga bwo kuremesha iki gice: Abitavye inyigisho baratahura buhoro buhoro biturutse k'uwuremesha inyigisho

Ibikoresho mfashanyigisho

- Ibipapuro binini
- Amakaramu manini (feutres)
- Ikibaho

Gutomora

- Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ivyerekeye igiturire : ic'arico, uwukirya, ingene kiribwa , igituma kiribwa.
- Abitavye inyigisho baca bagerageza kwishura. Bikenewe, uwuremesha inyigisho abaza bose, abitavye inyigisho bakishura, bagenzi babo bakazishima bishuye neza canke bagakosora uwahuyeye.

Umwanya	Igice bwite
5'	1) Ikibazo <ul style="list-style-type: none"> • Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ivyerekeye ivyerekeye igiturire : ic'arico, uwukirya, ingene kiribwa, igituma kiribwa.
10'	2) Abari muri izo nyigisho bose baca bagerageza kwishura ico kibazo <ul style="list-style-type: none"> • Uwuremesha inyigisho aca yandika ku gipapuro muni y'ikibazo inyishu nziza zatanzwe • Inyishu zitangwa ni nyinshi arico igituma yogaba agatoramwo izitumbereye
15'	3) Gusubiramwo <ul style="list-style-type: none"> • Uwuremesha inyigisho arasaba abazitavye guserura ivyiyumviro vyabo ku vyerekeye igiturire : ic'arico, uwukirya, ingene kiribwa, igituma kiribwa. • Uwuremesha inyigisho arasaba abazitavye gusoma inyishu zanditwe ku bipapuro

	<p>babifashijwemwo n’umwe muri bo.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Uwuremesha inyigisho arabaza ko harimwo abashaka kugira ico bongera ku bihejeje gusomwa; canke mbere n’abashaka kuvuga ivyo bashoboye gutahura na bo nyene barahabwa ijambo. • Araheza akandika ivyiyumviro bimwe bimwe abona ko bihambaye; hanyuma agaheza akabifatirako mu kugira icegeranyo.
10	4) Uwuremesha inyigisho araheza akegeranya inyigisho ngenderwako abona ko zihambaye, kandi ivyo abigira abitavye inyigisho babikurikirana bose.
10	<p>5) Mu kumenya ko inyigisho ngenderwako zatahuwe neza:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Uwuremesha inyigisho arabaza abazitavye ivyerekeye igiturire: ic’arico, uwukirya, ingene kiribwa, igituma kiribwa.

Inyigisho ngenderwako:

Igiturire n’iki?

Umuntu bavuga ko yariye igiturire iyo yishimikije ububasha yahawe akabukoresha mu kuronka canke mu guteza imbere inyungu ziwe mu gukora, kureka gukora, kworoshya ikintu kimuzanira amahera n’izindi nyungu. Ashobora kuba amafaranga arishwe i ruhanda y’igiciro kizwi kugira ngo aronke isoko. Igiturire kibangamiye umutekano mu mibano n’agateka ka zina muntu.

Ni nde arya igiturire?

Umuntu uwariwe wese.

Ariko ico mwomenya n’uko ivy’igiturire bikorerwa mu kinyegero.

Ibituma igiturire kiribwa

- Ugutwara nabi: amategeko adatomoye, ubucamanza butunganijwe nabi, ugukorera mu kinyegero, ukutemanga ico umuntu yakoze, ukubura ubwigenge mu gushikiriza inkuru
- Ugukena umugambi wo kurwanya igiturire n’uwo kwerekana akamaro ko kwigenza neza mu kazi, canke inyungu zitandukanye
- Inzego zidakomeye zirushwa inguvu n’iz’abantu
- Ubworo bw’abanyagihugu n’imishahara y’intica ntikize y’abakozi ba leta
- Imigenzo yashinze imizi ibuza kurega abarya ibiturire
- Ugushaka kuvugwa ku munwa kutaja mu ngiro
- Ukudahana n’ugukingira ikibaba abarya ibiturire n’ababitanga
- Ukudashiraho amategeko akingira abadomyeko urutoke abarya ibiturire
- Kwinjiza politike mu nzego z’ubutungane n’izintwari
- Ugutegekaniriza kazozo k’abakozi kudashemeye
- Ukwikwegura kw’ibikorwa vy’intwari n’ubutungane
- Ibikorwa vy’ubugenduzi bibuze canke bitagira inguvu
- Ukudakoresha ivyuma vya “Ordinateur”
- Ugukorera ahabona kw’ibikorwa vya leta
- Ukudakunda igihugu

5.2. Inzego zikunda kuribwamwo ibiturire, uburyo bukoreshwa mu gutanga igiturire, ingene ibiturire biba bimeze, imirwi y'ibiturire

⋮

Amahangiro y'iki gice

- Kumenya inzego zikunda kuribwamwo ibiturire
- Kumenya uburyo bukoreshwa mu gutanga igiturire
- Kumenya imirwi y'ibiturire

Ikiringo: Iminuta 50

Ubuhinga bwo kuremesha iki gice: Abitavye inyigisho baratahura buhoro buhoro biturutse k'uwuremesha inyigisho

Ibikoresho mfashanyigisho

- Ibipapuro binini
- Amakaramu manini (feutres)
- Ikibaho

Gutomora

- Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ivyerekeye igiturire : inzego zikunda kuribwamwo ibiturire, uburyo bukoreshwa mu gutanga igiturire, imirwi y'ibiturire
- Abitavye inyigisho baca bagerageza kwishura. Bikenewe, uwuremesha inyigisho abaza bose, abitavye inyigisho bakishura, bagenzi babo bakazishima bishuye neza canke bagakosora uwahuyeye.

Umwanya	Igice bwite
5'	<p>1) Ikibazo</p> <ul style="list-style-type: none"> • Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ivyerekeye ivyerekeye igiturire : ic'arico, uwukirya, gituma kiribwa.
10'	<p>2) Abari muri izo nyigisho bose baca bagerageza kwishura ico kibazo</p> <ul style="list-style-type: none"> • Uwuremesha inyigisho aca yandika ku gipapuro muni y'ikibazo inyishu nziza zatanzwe • Inyishu zitangwa ni nyinshi arico gituma yogaba agatoramwo izitumbereye
15'	<p>3) Gusubiramwo</p> <ul style="list-style-type: none"> • Uwuremesha inyigisho arasaba abazitavye guserura iviyumviro vyabo ku vyerekeye igiturire : ic'arico, uwukirya, gituma kiribwa. • Uwuremesha inyigisho arasaba abazitavye gusoma inyishu zanditwe ku bipapuro babifashijwemwo n'umwe muri bo. • Uwuremesha inyigisho arabaza ko harimwo abashaka kugira ico bongera ku bihejeje

	<p>gusomwa; canke mbere n’abashaka kuvuga ivyo bashoboye gutahura na bo nyene barahabwa ijambo.</p> <ul style="list-style-type: none"> Araheza akandika ivyiyumviro bimwe bimwe abona ko bihambaye; hanyuma agaheza akabifatirako mu kugira icegeranyo.
10	<p>4) Uwuremesha inyigisho araheza akegeranya inyigisho ngenderwako abona ko zihambaye, kandi ivyo abigira abitavye inyigisho babikurikirana bose.</p>
10	<p>5) Mu kumenya ko inyigisho ngenderwako zatahuwe neza:</p> <ul style="list-style-type: none"> Uwuremesha inyigisho arabaza abazitavye ivyerekeye igiturire: ic’arico, uwukirya, igituma kiribwa.

Inyigisho ngenderwako:

Inzego zikunda kuribwamwo ibiturire

- Ubutungane
- Igipolisi
- Indero
- Amagara y’abantu
- Amasoko ya Leta, abajejwe imbibe n’amakori
- Amatongo ya Leta
- Amashirahamwe atarondera inyungu
- Amakompanyi n’amashirahamwe yigenga
- Amashirahamwe yegamiye Leta

Uburyo bukoreshwa mu gutanga igiturire

- Amahera
- Ibintu vy’agaciro
- Ingabire
- Ubushurashuzi
- Akarusho
- Ugutezwa imbere mu kazi
- Kuronka ingurane mw’ibanki

Ingene ibiturire biba bimeze

- Ibashasha ry'amahera ritangirwa mu kinyegero
- Ugupfumbatishwa
- Amatabizi
- Gukoresha inguvu mu kwaka igiturire
- Kwaka amahera mu buryo butarekuwe
- Gukoresha urwenge mu gutanga amasoko ya Leta

Imirwi y'ibiturire

- Igiturire cenyuje: nyene kugitanga yemera ivyo azotanga akanabivuga
- Igiturire cinyegeje: Kubera akazi umuntu afise abatanga igiturire bakimuha atacatse mugabo akacakira
- Igiturire c'agahomerabunwa: tugisanga mu bategetsu bakuru bakuru
- Igiturire giciriye hagufi tugisanga mu biro vy'abakozi ba Leta batobato

Ububi bw'igiturire bwobazwa nde ?

Amategeko y'uburundi ahana uwurya igiturire n'uwugitanga

- Uwurya igiturire
 - Aba yivye umunyagihugu nyene kugitanga
 - Kenshi aba asahuye ubutunzi bw'igihugu
- Uwutanga igiturire
 - Aba ari inyosha mbi ingana umurozi
 - Aba asesaguye utwiwe
 - Aba asahuye umuryango
 - Kenshi aba agamiye gusahura ubutunzi bw'igihugu

Isesagurwa ry'itunga ry'igihugu

- Ukurenga amategeko agenga ivy'ugutanga amasoko
- Ukugurisha itunga ry'igihugu ku giciro gito bidaciye mw'ihiganwa
- Ugukevya imfashanyo
- Ukugurira igihugu ibikoresho vyataye igihe canke bidakomeye
- **Ugukoresha amatungo n'ibikoresho vy'igihugu nkuko vyoba ari ivy'umuntu**
- Uguha akazi uwutabishoboye bigahombesha Leta
- Kwibisha impapuro za magendo
- **Uguhamba abakozi batabaho**
- Ukwishingira umushahara canke uturusho birenze urugero
- Ukwigarurira ibitara, amatungo, ubutare n'agataka vya Leta
- Ugutsindisha Leta mu manza igatanga amahera y'umurenge



D8: Reka kwonona amahera y'igihugu n'ukurya ibiturire

5.3. Ingaruka mbi z'igiturire

Amahangiro y'iki gice

- Kumenya ingaruka mbi z'igiturire ku nzego zose
- Kumenya uburyo buhari bwo kurwanya igiturire

Ikiringo: Iminuta 50

Ubuhinga bwo kuremesha iki gice: Abitavye inyigisho baratahura buhoro buhoro biturutse k'uwuremesha inyigisho

Ibikoresho mfashanyigisho

- Ibipapuro binini
- Amakaramu manini (feutres)
- Ikibaho

Gutomora

- Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ivyerekeye igiturire : ingaruka mbi z'igiturire ku nzego zose, uburyo buhari bwo kurwanya igiturire
- Abitavye inyigisho baca bagerageza kwishura. Bikenewe, uwuremesha inyigisho abaza bose, abitavye inyigisho bakishura, bagenzi babo bakazishima bishuye neza canke bagakosora uwahuvye.

Umwanya	Igice bwite
5'	1) Ikibazo Uwuremesha inyigisho arabaza abitavye inyigisho ivyerekeye ivyerekeye igiturire : ingaruka mbi z'igiturire ku nzego zose, uburyo buhari bwo kurwanya igiturire
10'	2) Abari muri izo nyigisho bose baca bagerageza kwishura ico kibazo <ul style="list-style-type: none">• Uwuremesha inyigisho aca yandika ku gipapuro muni y'ikibazo inyishu nziza zatanzwe• Inyishu zitangwa ni nyinshi arico gituma yogaba agatoramwo izitumbereye
15'	3) Gusubiramwo <ul style="list-style-type: none">• Uwuremesha inyigisho arasaba abazitavye guserura ivyiyumviro vyabo ku vyerekeye igiturire : ingaruka mbi z'igiturire ku nzego zose, uburyo buhari bwo kurwanya igiturire• Uwuremesha inyigisho arasaba abazitavye gusoma inyishu zanditwe ku bipapuro babifashijwemwo n'umwe muri bo.• Uwuremesha inyigisho arabaza ko harimwo abashaka kugira ico bongera ku bihejeje gusomwa; canke mbere n'abashaka kuvuga ivyo bashoboye gutahura na bo nyene barahabwa ijambo.• Araheza akandika ivyiyumviro bimwe bimwe abona ko bihambaye; hanyuma agaheza akabifatirako mu kugira icegeranyo.

10	4) Uwuremesha inyigisho araheza akegeranya inyigisho ngenderwako abona ko zihambaye, kandi ivyo abigira abitavye inyigisho babikurikirana bose.
10	5) Mu kumenya ko inyigisho ngenderwako zatahuwe neza: <ul style="list-style-type: none"> • Uwuremesha inyigisho arabaza abazitavye ivyerekeye igiturire: ingaruka mbi z'igiturire ku nzego zose, uburyo buhari bwo kurwanya igiturire

Inyigisho ngenderwako:

Ingaruka mbi z'igiturire

Igiturire conona ubutunzi bw'igihugu n'ubuzima bw'abanyagihugu muri izi ntumbero:

- **Ubutunzi:**
 - Amahera ava mu makori no ku mbibe arayoka bigatuma amahera akoreshwa nabi mu gihugu no mu makungu
 - Abafise imitahe baca bayimurira mu bindi bihugu
 - Gituma ibiciro biduga
 - Gituma akazi kadakorwa neza hakaronderwa gupfumbatishwa
 - Abantu bamwe nibo baguma baronka amasoko
 - Imitahe itumbera ahari ibiturire bikonona akaranga k'ibidandazwa bigurwa canke bikorwa
 - Giha impigi abikika mu kiza mu bidandazwa vyinjira bidaciye mu mategeko
- **Imibano:**
 - Gitera uruhagarara kandi kirasambura imigambi y'igihugu
 - Kiragabanya ugukunda igihugu n'ubugororotsi kikimika ububegito
 - Congereza ingorane za ba ntahonikora
 - Kirasambura ingo
 - Kirongereza SIDA n'izindi ndwara zica mu bihimba vy'irondoka vyandurutse mu bushurashuzi
- **Inzego :**
 - Kiracuvya ubugenduzi bwa Leta n'ubw'Inama Nshingamateka kigatera uruhagarara mu nzego
 - Gishiraho ubunywanyi bubi n'impera bituma amajwi agurishwa ku mugaragararo canke mu kinyegero
 - Cononera imigambwe kigakomeza ubudumbidumbi bwigarurira abanyagihugu
 - Ni co gitosekaza agateka ka zina muntu kigashira imbere ukudahanwa
 - Kirazingamika amategeko agenga intwaro rusangi kigatuma abantu batabikwiye baja mu nzego zo hejuru muri Leta
 - Kiraduza ubwicanyi
 - Gitera ukutubahana mu kazi

Kubera ko igiturire gitangirwa kandi kikirirwa mu kinyegero, biragoye kukirwanya. Ariko Uburundi burafise inzego zishobora kubufasha kurwana urwo rugamba:

- **Inzego mpuzamakungu n'iz'akarere:**
 - Icemezo c'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU kirwanya igiturire (UNCACg)-Kigarama 2005
 - Icemezo c'Ubumwe bwa Afrika (UA) kijejwe ugukinga n'ukurwanya igiturire n'ayandi mabi bijanye-Maputo 2003
- **Inzego z'igihugu**
 - Ibwirizwa Shingiro: ingingo 69,141,146
 - Itegeko n°1/12 ry'igenekerezo 18 Ndamukiza 2006 rikinga rikongera rigahana igiturire n'amabi bijanye
 - Itegeko n°1/5 ry'igenekerezo 22 Ndamukiza 2009 risubiramwo amategeko mpanavyaha(ingingo 430-446)
- **Hokorwa iki kugirango abarundi bakinge igiturire kandi bagihane?**
 - Gukorera ku mugaragaro
 - Gushengeza uwutanze canke uwuriye igiturire
 - Gukingira abashengeje abarya ibiturire n'ababitanga
 - Guteza imbere amashirahamwe ataho yegamiye
 - Kwigisha no guhimiriza abarongoye abandi muri politike no gukomeza intwaro rusangi
 - Kwubahiriza amategeko ahana igiturire
 - Kwishimikiza amashirahamwe mpuzamakungu n'ay'akarere (Ibanki y'isi yose:BM; Ikigega mpuzamakungu: FMI; Ibanki y'iterambere ry'Afrika :BAD)
 - Kwishimikiza amashirahamwe yigenga akorera mu Burundi: OLUCOME, ABUCO, OAG,...
 - Kwishimikiza inzego za Leta: Ubugenduzi Bukuru bwa Leta(IGE); Urwego rw'Igipolisi rurwanya igiturire: Brigade Spéciale Anti-Corruption(BSAC); Sentare ijejwe amakonte; Sentare ijejwe kurwanya igiturire; Gasamburamanza

Intwaro yo mu bushikiranganji

- Ubushikirangaji bwose burafise itunganywa ry'umugambi wabwo ujanye n'ikiringo ca 2011-2015

IGITURIRE

- **KIRAZIBIRA AGATEKA KA ZINA MUNTU,**
- **KIRABUZA UGUTWARA NEZA,**
- **KIRABUZA INTWARO RUSANGI,**
- **KIRABUZA AMAHORO.**

Icigwa ca 6: Amatora meza

D9: "Kwitaba amatora"



6.1. Kudatora canke gutora nabi: ni izihe ngaruka zavyo ?

Ihangiro ry'iki gice

- Kwereka abitavye inyigisho ineza iri mu kwitaba amatora

Ikiringo: Amasaha 2

Ubuhinga bwo kuremesha iki gice: Akarorero k'inkuru ko mu buzima bwa misi yose

Ibikoresho mfashanyigisho

- Urwandiko ruriko ako karorero k'inkuru ruba rufiswe n'uwuremesha inyigisho
- Urupapuro uwuremesha inyigisho yandikako ivyiyumviro vy'abazitavye (kugira ngo ntavyibagire)
- Amakaramu asanzwe, amakaramu y'igiti
- Impapuro

Gutomora

Umwanya	Igice bwite
20'	1) Uwuremesha inyigisho canke uwundi wese avyishakiye mu bari mu nyigisho arasoma buke buke yitonze ako karorero. Bikenewe, arashobora kugasoma kabiri. Abari mu nyigisho barumviriza batekanye kandi bashizeko umwete; hanyuma baraheza bakabaza ibibazo uwariko arabasomera ako karorero ahejeje.
60'	2) Uwuremesha inyigisho arabaza ibi bibazo bikurikira, maze agaheza agasozerera ku nyishu bamuhaye: <ul style="list-style-type: none"> • <i>“Erekana inyifato zitabereye z’abanyeshure bava mu ntara imwe na Ntwarombi mu matora ya mbere hamwe ni mu ya kabiri. Ni izihe ngaruka zifatye kuri izo nyifato?”</i> <u>Inyishu:</u> <ul style="list-style-type: none"> - Kuvyerekeye amatora ya mbere: <ul style="list-style-type: none"> * Amatora yisunga umuntu aho kwisunga imigambi * Abanyeshure ntibatamoye ingene bifuzwa ko borongorwa * Amatora yarataye akanovera kayo * Ubundi buryo buhumuriza: kugerageza kurondera uwubaserukira abikwiye kandi abishoboye - Kuvyerekeye amatora agira kabiri: <ul style="list-style-type: none"> * Ntibatavye amatora * Gukubagura abitavye amatora kandi abakwiye kubazwa ivyabaye ari abatatoye • <i>“Erekana inyifato zitabereye z’abakunzi b’umupira w’amaboko mu bijanye n’amatora agira kabiri. Ni izihe ngaruka zifatye kuri izo nyifato?”</i> <u>Inyishu:</u> <ul style="list-style-type: none"> - Kuvyerekeye amatora agira kabiri amatora yisunga umuntu aho kwisunga imigambi kuko batoye bafatye ku kumenyekana kw’uwatowe, - Baremeje ko abatitavye amatora bavyifashemwo neza.
30'	3) Uwuremesha inyigisho aragira icegeranyo c’inyigisho ngenderwako kandi akagira

	<p>abagize umugwi wose bamukurikira. Izi nyigisho ngenderwako zijanye n'igicapo c'abiyandikisha .</p>
10'	<p>4) Mu kumenya ko inyigisho ngenderwako zatahuwe neza:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Uwuremesha inyigisho arabaza ati: <i>“Ni izihe nyigisho ngenderwako twokura muri ako karorero k'inkuru?”</i>

Inyigisho ngenderwako:

Intwaro ibereye itangurira kuri jewe.

Kwidodomba siyo nyishu. Ahubwo gutora ni igice kimwe c'inyishu. Ubundi buryo buhumuriza: kugerageza kurondera uwubaserukira abikwiye kandi abishoboye

Urwaruka rutegerezwa kwitaba amatora kuko rugize igice kinini c'abanyagihugu b'Abarundi: nirwo rero rufise igikorwa co gutegeka abategetsu ingene bategeka neza.

* Mu ntwaro rusangi, “igice kinini” c'abenegihugu kirafise uruhara ntangere kuko ivyo bisigura ko ico gice kinini ari co gishiraho abategetsu mu gushima imigambi yabo no kuyitora. Urwaruka rugize igice kinini c'abanyagihugu b'abarundi. Nirwashira hamwe rugaharanira ineza ya bose, tuzorengera ivy'ubwoko.

Urwaruka rutegerezwa kwitaba amatora kuko rurageze mu bigero kandi rwiteze vyinshi ku bazotorwa: rutegerezwa kuronka inyishu ku bibazo bijanye n'indero, ukubura akazi, ubukene, amagara, n'ibindi.


“Kugera mu bigero bisigura kuba umuntu atakiri umunyeshure kandi akaba atarakukuruka mu kazi; ni ukuba umuntu agifise imyaka yo gukora.

Urwaruka rutegerezwa kwitaba amatora kuko nirwo rusinzikara cane cane iyo intambara yadutse.

Iyo bakeneye abaja mw'ishamba ngo bagwanye ubutegetsu, canke ngo batere umudugararo mu gisagara n'ibindi bose batumbera urwaruka.

- Rwaruka kuva ku myaka 18, urafise uruhara mu gutegura akazoya k'igihugu cawe.
- Kudatora canke gutora nabi ni co kimwe.
- Gutora, kwitoza hamwe n'uguhagarikira amatora ni uburenganzira bw'urwaruka rwose rukwiye ibisabwa n'amategeko.

“Kwitaba” amatora si ugutora gusa, ahubwo bisigura ko hakenewe no kwitoza hamwe n'ugucungera amatora. Imyaka itegekanijwe n'amategeko kugirango umuntu abashe gutora ni 18. Iyisabwa gukwizwa n'uwitoza na yo ni 25.



Inkuru nyakuri

GUTORA NABI NO KUDATORA BIRASA

Umwaka wa gatatu w'igice ca kabiri c'amashure yisumbuye mu gisata c'ugutunganya Amabanga Abayabaye ni isomero rimwe mu yagize ishure ryacu. Amategeko ngenderwako y'ishure ryacu ategukanya ko mu ntango y'igice cose c'umwaka w'ishure hategerezwa kubaho amatora y'abaserukira abandi mu masomero yose agize ishure ryacu.

NTWAROMBI (Umusore w'igikundiro akina umupira w'amaboko 'Basket-ball') ni we yatowe mu ntango y'igice ca mbere ngo aserukire isomero yigamwo. Ikiringo ciwe caranzwe n'intworo itabereye:

- yafata ingingo atawe agishije inama;
- rimwerimwe yarugara isomero aserukira kugira ngo nti hagire uwurujirama;
- yaragurishije amakaramu umugira neza yari yahaye ba ntahonikora bo mw'isomero aserukira.

Haraheze imisi abanyeshure bigana na NTWAROMBI kandi bava mu ntara imwe nawe batanguye kwidoga no kwidodomba kubona baratoye umuntu ataco amaze. Kuba barahemukiwe n'umuntu bitoreye vyatumye badebukirwa, maze bafata ingingo yo kutazokwitaba amatora akurikira. Mu misi iheze, baragize akanama muri iryo somero kugira ngo bihweze umuntu w'ibanga muri bo; mugabo ababibereye ntibashimye kwemera kuzokwitoza.

Mu gice kigira kabiri c'umwaka, NTWAROMBI yarasubiriye kwitoza. Abakunzi b'umupira w'amaboko bamusenuriyeko amajwi yabo nka bose; maze asubira gutorwa. Mugabo rero, muri icyo gihe yatowe ku majwi makeya ari muni y'ayo yari yaronse mu matora yaheruka (Igice kimwe c'abanyeshure nticitavye amatora).

Mu kiringo ciwe kigira kabiri, ibintu vyarushirije kuba bibi:

- Ibikoresho vy'abanyeshure bo mw'isomero aserukira abandanya avyiba;
- Iyo umwarimu atari mwisomero, NTWAROMBI aguma asohora hanze abatitavye amatora;
- Mu gutanga icegeranyo c'ivyaranguwe, aguma yemeza ko ari abo banyeshure nyene batamutoye barenza urwamo mw'isomero.

Ubu amazi yarenze inkombe.

Abanyeshure bamutoye baratanguye kwidoga no kwidodomba kubona baramuhaye amajwi. Bageze no ku ntambwe yo kwiyumvira ko abatitavye amatora bavyifashemwo neza. Abatitavye amatora barabangamiye abatoye babagiriza ko batoye nabi.

Ubu abo banyeshure bose si bo bazobona amatora akurikira arageze ngo "bikure umwansi kw'izosi".



D10: *“Kumenya ibwirizwa rigenga amatora”*

6.2. Ivyo dukwiye kumenya kuvy'amatora?

Amahangiro y'iki gice

- Kumenya ibwirizwa rigenga amatora
- Kumenya akamaro ko kuryubahiriza

Ikiringo: Iminuta 35

Ubuhinga bwo kuremesha iki gice: Ibibazo/inyishu bijanye n'urukino rw'amakarata

Ibikoresho mfashanyigisho

- Inyandiko canke ibicapo vyo kumanika vya CENI bijanye n'amatora
- Urukino rw'amakarata rwateguwe na CENI ku bijanye n'amatora ("urwo rukino ni ibibazo/inyishu"). Rutabonetse umuntu aragwikorera akoresheje ibibazo n'inyishu biri mu "Ivyongeweko 2"

Gutomora

Mu guha intumbero iryohoye urwo rukino "ibibazo/inyishu":

- umugwi wose urashobora kwitorera izina, akamo kawo hamwe n'umwe mu bawugize ahava yiha akamo bita "umwiyamirizi",
- Umwiyamirizi wese aca afukama imbere y'umugwi wiwe,
- Abo basangiye umugwi batoye inyishu y'ikibazo c'abajijwe, baca bashira ikiganza ku rutugu rw'umwiyamirizi wabo, nawe agaca arenda akamo kugira ngo abwire uwuremesha inyigisho ko umugwi wiwe ufise inyishu ugomba gutanga.

Umwanya	Igice bwite
20'	<ol style="list-style-type: none"> 1) Uwuremesha inyigisho arashiraho imigwi 6 y'abantu batanu-batanu; bagaca bagira igice c'umuzingi (umugwi umwe umwe). 2) Uwuremesha inyigisho aca abaza ikibazo kimwe kimwe. Ahejeje, araha ijamba abagize umugwi wa mbere ushaka kwishura (ivyo abigira ahejeje kubaza ikibazo ca mbere). 3) Imbere yuko uwuremesha inyigisho atanga inyishu nyayo, abanza kwerekana inyandiko n'ibicapo vya CENI bijanye n'inyigisho agomba gutanga (aho ni iyo abifise). 4) Urwaruka ruraheza rukavuga ico rutahura ku nyandiko n'ibicapo rweretswe. 5) Uwuremesha inyigisho yemeje ko inyishu kanaka ari yo, umugwi wayitanze uronka inota rimwe. 6) Ibibazo biheze uwuremesha inyigisho aca aharura amanota imigwi yaronse, agaheza agatangaza uwarushije iyindi. Arashimira abitavye inyigisho bese, hanyuma akavuga muri make ingene inyigisho z'ico gice zagenze. <p>Uwuremesha inyigisho ategerezwa kubaza ibi bibazo bikurikira:</p> <p>IKIBAZO A: Abatowe bafise ikiringo co gutwara kingana gute?</p> <p>INYISHU A: Ikiringo c'abatowe kingana n'imyaka itanu (5) <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/></p> <p>IKIBAZO B: Ni ryari abitoza bashobora gutangura kwiyamamaza?</p> <p>INYISHU B: Imisi 15 (indwi 2) imbere y'uko amatora aba. Kirazirako imyiyamamazo iba imbere y'ico kiringo.</p> <p><u>Uwuremesha inyigisho arerekana inyandiko n'ibicapo vy'ubwiherezo bwo gutoreramwo</u></p>

imbere yuko abaza ikibazo C

IKIBAZO C: Mu gutora bigenda gute? Birashoboka ko uwutora yinjirana mu bwihereho n'uwundi muntu?

INYISHU C: Umuntu yinjira wenyene, ari umwe mu bwihereho bwo gutoreramwo



IKIBAZO D: Hoba hategekanijwe ko abahagarikira amatora baja mu bibanza vy'amatora ku musi w'amatora? Nimba arivyo, abo bahagarikira amatora boba bava mu migwi itandukanye?

INYISHU D:

- Egome, harategekanijwe ko abahagarikira amatora bazoba bari mu bibanza vy'amatora ku musi w'amatora
- Hari ubwoko bwinshi bw'abahagarikira amatora: abaserukira imigambwe hamwe n'abigenga
- Birakenewe cane ko abahagarikira amatora bayakurikirana hafi gushika aho bahereza kwegeranya ibiharuro vyayavuyemwo

IKIBAZO E: Ibwirizwa rigenga amatora ryoba rifise ikiringo kingana gute? Kubera iki?

INYISHU E: Ibwirizwa rigenga amatora ribandanya gushirwa mu ngiro n'inyuma y'amatora (co kimwe n'ibwirizwanshingiro. Ibwirizwa rigenga amatora ntiripfa ukwo rihindaguwe).

Uwuremesha inyigisho arerekana inyandiko n'ibicapo vy'ubwoko bitatu: imbere yo kubaza ikibazo F:

- 1) "UKUMENYESHA IVYAVUYE MU MATORA VY'IMFATAKIBANZA"
- 2) "IVYAVUYE MU MATORA": UMUGWI WIGENGA UJEJWE GUTUNGANYA AMATORA KU RWEGO RW'IGIHUGU (CENI) URASHIKIRIZA IVYAVUYE MU MATORA SENTARE YUBAHIRIZA IBWIRIZWA NSHIINGIRO
- 3) "UWUTSINZWE NTIBATSINDAHO"

IKIBAZO F: bimaze gutanganzwa, abatoye bokwifata gute?

INYISHU F: Amatora ni nk'ihiganwa ry'urukino: hama hariho uwutsinda n'uwutsindwa. Ni ukugerageza kwifata gishingantahe watsinze canke watsinzwe.

15'

Mu kumenya ko inyigisho ngenderwako zatahuwe neza:

- Uwuremesha inyigisho akoresha urukino rw'amakarata rwateguwe na CENI. Araheza agaha ikarata imwe umuntu wese yitavye inyigisho;
- Uwuremesha inyigisho arasaba umuntu umwe avyishakiye gusoma n'ijwi ryumvikana ikibazo kiri kw'ikarata yiwe. Abari mu nyigisho barahereza bakishura. Uwabajije ikibazo aca ahindukiza ikarata yiwe agaha agatanga inyishu nyakuri;
- Uwuremesha inyigisho aca asaba abandi bantu cenda bavyishakiye: baca basoma ibibazo vyabo, maze abitavye inyigisho bahejeje gutanga inyishu zabo, baca batanga inyishu nyakuri ziri ku makarata bafise;
- Uwuremesha inyigisho aramenyesha abazitavye ko bagira bahagarike gatoya ivyo kubaza ibibazo n'ukwishura. Arabamenyesha ko abatarabaza ibibazo vyabo kandi bavyifuza baja kubibaza inyigisho z'igice zose zirangiye.

Inyigisho ngenderwako:

Ikingo co gutwara ku batowe n'imyaka 5.

Mpaye ijwi ryanje uwitoje kanaka, mba ndamujeje akazoza kanje n'ak'igihugu cose mu kiringo c'imyaka 5

Imbere yuko ikiringo c'ukwiyamamaza gitangura n'inyuma yaco, nta muntu n'umwe arekuriwe kwiyamamaza.

Umuntu atora uko avyishakiye kandi agatorera mu bwihherero bwabigenewe.

Umuntu atora yiherereye ni ukuvuga ko uwo ari we wese ashobora gutora uko avyifuzza, adafatiye ku gitsure c'abiyamamaza

Abahagarikira amatora barafise uburenganzira bwo kuyakurikirana bari mu bibanza aberamwo; eka mbere n'iyi bariko baraharura ivyayavuyemwo niho baba bari.


Hari ubwoko bubiri bw'abahagarikira amatora: abaserukira imigambwe hamwe n'abava mu mashirahamwe adaharanira ivya poritike. Birakenewe cane ko abahagarikira amatora baba bari mu bibanza aberamwo kugira ngo agende neza. Iyo icegeranyo gitanzwe n'uwuhagarikira amatora kitagira aho cegamiye, bituma abantu bamenya neza ingene amatora yagenze.

Ibwirizwa rigenga amatora ribandanya gushirwa mu ngiro n'inyuma y'amatora, nk'uko bigenda kw'ibwirizwanshingiro.

Ibwirizwa rigenga amatora riratomora neza ingene bigenda kugirango umuntu yitoze. N'inyuma y'amatora, ibwirizwa riyagenga riguma rikurikizwa. Nk'akarorero, riratomora neza ingene bamusitanteri bashirwaho, ingene basubiriza umukenguzamateka yagenywe ngo abe umushikiranganji n'ibindi.

Mw'ihiganwa iryo ariryo ryose hama hariho uwutsinda n'uwutsindwa.

D11: “Ubuginga bwo kwiba amatora”



6.3. Amatora yibwa mu buryo ubuhe?

Amahangiro y'iki gice

- Gutahura ko hariho uburyo bwo kwiba amatora
- Kumenya uburyo bwo kwiba amatora
- Kumenya icokorwa kugira ngo amatora ntiyibwe

Ikiringo: Amasaha 2

Ubuhingana bwo kuremesha iki gice: gufatirako

Ibikoresho mfashanyigisho

- Impapuro
- Ikaramu
- Udupapuro turinganijwe neza turanga abantu
- Udupapuro two gutora dukozwe mu mpapuro
- Inoti za magendo z'amahera 5 000 zikozwe mu mpapuro
- Imeza, intebe canke ikibuye (kugirango hamere nko mu kibanza c'amatora)

Gutomora

Umwanya	Igice bwite
10'	<p>Intambwe ya 1</p> <p>Uwuremesha inyigisho arasaba abazitavye kuvuga ico bita <i>"kwiba amatora"</i>.</p>
	<p>Intambwe ya 2</p>
5'	<p>1) Uwuremesha inyigisho aratanga ibikorwa:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Abitoza batatu • Umukozi wa CENI ajejwe ikibanza c'amatora • Abahagarikira amatora bane: batatu baserukira imigambwe, umwe aserukira amashirahamwe adaharanira ivya poritike (akarorero: COSOME) • Umuporisi • Abasigaye bese ni abaje gutora <p>2) Umwe umwe muri batatu bitoza aritorera izina ry'umugambwe wiwe. <u>Igihambaye:</u> Iryo zina ritegerezwa kuba ridasanze ribaho mu mazina y'imigambwe izwi. Abitoza baca bashikiriza imigambi yabo kandi umwe umwe wese ntarenza iminuta 3.</p> <p>3) Abahagarikira amatora batumwe n'imigambwe baratora amazina y'imigambwe yabatumiye.</p>
10'	<p>4) Umwe wese mubitoza (3) aramamaza imigambi yiwe mu minota 3.</p>
6'	<p>5) Uwuremesha inyigisho aca agabura abatora mu migwi 3.</p> <p>6) Abagize umugwi wose w'abatora barahurira hamwe kugira ngo bumvikane uwo baja gutora. Ako kabonano ntikarenza iminuta 5. <u>Igihambaye:</u> Bishitse abasangiye umugwi ntibahurize ku muntu umwe, umwe wese araheza agatora uwo agomba.</p>
3'	<p>7) Uwuremesha inyigisho araha udupapuro two gutora umukozi wa CENI; nawe agaca aduha abatora. Mugabo, haca habura agapapuro kamwe kuko hariho umwe ataronka.</p>

8'	<p>8) Uwuremesha inyigisho aragenzura iyo migwi yose kugira ngo arabe ko abayigize bashoboye guhuriza ku muntu umwe.</p> <p>9) Aca aha abagize imigwi yahuriye kw'izina rimwe udupapuro twa magendo. Araheza akabasaba:</p> <ul style="list-style-type: none"> • kuja kugurira udupapuro nyakuri ku bagize iyindi migwi; • kwiyumvira uburyo bwotuma bashobora gutora bakoresheje udupapuro baguze.
15'	<p>10) Amatora ararangiye.</p> <p>11) Baraharura amajwi.</p> <p>12) Ibiharuro vyavuye mu matora biratangazwa.</p>
5'	<p>13) Uwuremesha inyigisho arabaza umukozi wa CENI, bamwe bane bahagarikira amatora hamwe n'umuporisi ko hari ivyabagoye.</p>
5'	<p>14) Uwuremesha inyigisho arabaza uwutaronse agapapuro ko gutora ingene yumva amerewe.</p> <p>15) Uwuremesha inyigisho aratanga udupapuro two gutora akaduha:</p> <ul style="list-style-type: none"> • umwe atari yaronse ubwa mbere; • abatakidufise kuko batugurishije. <p>Uwuremesha inyigisho arabasaba kwerekana ko bari guha amajwi uwatowe canke ko batari kumutora.</p> <p>16) Uwuremesha inyigisho aregeranya ivyiyumviro vy'abo bantu batatoye. Iruhande y'ibiharuro bishikirizwa, araheza akandika ku kibaho ivyiyumviro vy'abatatoye batari baronse udupapuro (avyandikisha irangi ridasa n'iryo yamye akoresha).</p>
5'	<p>17) Uwuremesha inyigisho abasaba ati: <i>"Mu ngingo nkuru nkuru aya matora ahejeje kuba twoyavugako iki?"</i>.</p>
5'	<p>3) Uwuremesha inyigisho arashikiriza muri make inyigisho ngenderwako zavuye muri iki gice kandi abari aho bose barakurikira ivyo avuga. Izo nyigisho ngenderwako zikurikirana n'igicapo c'ukwiba amatora.</p>
5'	<p>4) Mu kumenya inyigisho ngenderwako zatahuwe neza:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Uwuremesha inyigisho arasaba abazitavye kuvuga ivyo batahuye ku bijanye n'iki gice?"

Inyigisho ngenderwako:

Kwiba amatora birashoboka! kenshi hakoreshwa uburyo butigaragaza, nico gituma hakenewe kumera magabo mu kiringo cose c'amatora.

Hari uburyo bwinshi bwo kwiba amatora

- ✓ Mu kwandika abatora
- ✓ Mu gutegura ikarata yo gutora
- ✓ Mu bibanza vy'amatora
- ✓ Kujuragiza abatora ku musi w'amatora
- ✓ Mu guharura amajwi
- ✓ N'ibindi

Ku musi w'amatora, genda utore, hanyuma ubone kuja kurangura ibindi ujejwe.

Iyo utagiye gutora hakiri kare, harashobora kwaduka ibigusivya:

- ✓ Imvura
- ✓ Iyugarwa giturumbuka ry'ikibanza c'amatora
- ✓ N'ibindi

Rwaruka, ntukarambirwe no gukwirikirana iharurwa ry'amajwi gushika bihere. Ubunyonyezi bw'amajwi bukara kuba iyo guharura biri muguha.

Uwugujije ikarata yiwe yo gutora n'amahera canke ikindi cose aba ataye uburenganzira bwiwe bwo kwitorera indongozi. Iyo yabugujije nta gaciro na mba bifise.

Ku musi w'amatora:

Abahagarikira amatora bafise igikorwa co kwihweza ibiba.

→

Hari ubwoko bubiri bw'abahagarikira amatora:

- Abaserukira imigambwe,
- Abaserukira amashira hamwe adaharanira ivya poritike.

→

Abahagarikira amatora bategerezwa kuba bari mu bibanza vyose vy'amatora kugirango amatora agende neza.

→

Iyo icegeranyo gitanzwe n'uwuhagarikira amatora ataho yegamiye gitomoye, bituma hamenyekana neza ingene ibintu vyagenze.

→

Abahagarikira amatora barafise uburenganzira bwo kuba mu bibanza vy'amatora, eka mbere no mu gihe co guharura amajwi.

D12: "Akanovera k'imigambi y'abitoza"



6.4. Igishasha utuzaniye mu migambi yawe coba ari ikihe? “Gishasha utuzaniye”

Amahangiro y’iki gice

- Gutahura n’ukwimenyereza ivyerekeye imigambi ya poritike
- Gutahura akamaro ko gutora abantu bafise imigambi ishobora gushirwa mu ngiro koko

Ikiringo: Amasaha 2

Ubuhinga bwo kuremesha iki gice: Agakino

Ibikoresho mfashanyigisho

- Imigambi itatu ya poritike yanditswe ku mafishi (ari mu nkaratasi zikurikira)

Gutomora

Umwanya	Igice bwite
15’	1) Uwuremesha inyigisho arabaza abazitavye ibibazo bikurikira: <ul style="list-style-type: none"> • “Ni ibihe vyiyumviro dusanga kenshi mu migambi y’abitoza?” • “Ivyo vyiyumviro biba bishimikiye kuki?”. 2) Uwuremesha inyigisho araheza agafasha kugira ngo abitavye inyigisho babashe gutanga ivyiyumviro, hanyuma agaca avyegeranya, ariko ntavyandike.
5’	3) Uwuremesha inyigisho arahitamwo abantu 3 bavyishakiye kugira ngo baje mu kibanza c’abitoza. Aca aha umwe umwe muri bo umwe mu migambi y’abitoza itandatu iri muri iki gitabu. 4) “Uwitoza” umwe umwe muri abo aca yiga imigambi yaronse. Niyo aja gusoma imbere ya bose ariko yiyamamaza ngo bamutore (ntarenza iminuta 5).
5’	5) Muri ako kanya, uwuremesha inyigisho arasaba abazitavye kugira ibi bikurikira: <ul style="list-style-type: none"> • “kwumviriza mu gacerere no gukurikirana neza imigambi y’abitoza” ; • “uwufise kubaza akarindira ko babanza guheza, kandi ibibazo ntibirenga 3”.
30’	6) Abitoza” bose barashikiriza imigambi yabo (umwe umwe ukwiwe, bagakurikirana) kandi uwitoza wese ntarenza iminuta 5). 7) Bahejeje bose: <ul style="list-style-type: none"> • abitavye inyigisho baca babaza ibibazo bafise (ibibazo vyose ntibirenga iminuta 5) ; • uwitoza aja arishura. Uwuremesha inyigisho aba afise igikorwa co guhagarika ibiriko biraba iminuta 5 iheze.
15’	8) Uwuremesha inyigisho aba afise igikorwa co guhagarikira ibiriko biraba aca abaza: <ul style="list-style-type: none"> • “ico biyumvira ku migambi bumvise” ; • “umugambi mwiza woba umeze gute?”.
15’	9) Uwuremesha inyigisho arasigurira abazitavye inyigisho ngenderwako zavuye muri iki gice kandi bose barakurikira ivyo avuga.

Izo nyigisho ngenderwako zikurikirana n'iki gicapo.

5'

10) Mu kumenya ko inyigisho ngenderwako zatahuwe neza:

- Uwuremesha inyigisho arasaba abazitavye gushikiriza ivyo batahuye mu nyigisho zo muri iki gice.

Inyigisho ngenderwako: **Umugambi utomoye, ni umugambi U**

... Utirengagiza ibigoye abanyagihugu bose: umugambi utomoye ni uwerekana inyishu z'ingorane zo mu buzima bwa misi yose zihanze abanyagihugu muri rusangi, ...

... Urengera amacakubiri y'intara, y'ubwoko canke y'amadini, ...

...ushikiriza ibikorwa biboneka kandi bikunda ko biranguka: kwubaka amashure, amabarabara, amavuriro...: witaho abanyagihugu bose

...uba urimwo ingingo ziteza imbere urwaruka.

Ni ukumenya gutandukanya iciza n'ikibi. Ni ukumenya kuvuga "oya" mu gihe bagomvye kuguhenda.

N'aho imigambi yoba ari myiza nk' ubumwe, amahoro, gusubiza hamwe, intwari rusangi, gushira hamwe, gusangira akabisi n'agahiye, ubugenzi n'ibindi uwitoza yokwerekana ingene azoyishira mu ngiro(urugero azoshikako)

Ni ukwiyubara imigambi na beneyo. Ivyo bituma umuntu ashobora gutanga ivyiyumviro vyawe ivyubaka kuko ntaba yapfuye kwakira ivyo atamitswe.

Ntakwisunga amahangiro atari bushike ku kintu kiboneka

Rwaruka, ni mutore abantu babona kure babashikiriza imigambi itomoye. Ntimutore abarondera inyungu zabo bwite.

Utoye umuntu, uba umushinze akazozza kawe mu kiringo c'imyaka 5. Ukudatora ni ugushigikira ivyo utazi.

Ugutora, ni ukwihitiramwo abarongozi n'abajejwe ivy'igihugu b'ijunja n'ijambo

Ni uguhitamwo neza. Ugutora canke ukudatora, ni ingingo umuntu afata.

Niwaba uri uwugomba kwitoza itegereze neza ivyo abanyagihugu bakeneye cane bibabangamiye. Ubakira rero umugambi wawe wo kwitoza kuri ivyo bakeneye.

Uwatowe bazomurabira kuvyo akora bafatiye ku vyo yemereye abamutoye mu kwiyamamaza.

Mu kwihweza ineza n'inabi zerekanwa n'ibikorwa vy'uwatowe, bafatira ku vyo akora.

Ni ukwiyubara imigambi idatomora neza ibizokorwa. Ni ukuraba ko mu migambi ishikirizwa harimwo iyizovamwo ibikorwa bigaragara neza (kwubaka amashure, amavuriro, n'ibindi).

Nimba ndi umwe mu bitoza, uburyo bwiza bwogushobora kuvuga imigambi yanje ni ukuyishikiriza ntekanye, ntahugumbwa.



6.5. Imigambi yo kwitorezako

Umugambi w'uwitoza wa mbere

Jewe, mfise imigambi y'ubumwe, amahoro n'iterambere

- **Ubumwe:** Umuhutu azosangira n'umututsi ata ngorane, mu mugambwe wacu turavanze, nta bwoko na bumwe butarimwo;
- **Amahoro n'umutekano:** Umuntu wese azokwirarira afatanije n'abacungera umutekano. Umuntu wese azocungerwa n'abasirikire batatu. Ntazotinye abitwaje ibirwanisho rero kuko ni baza kumutera azobivuna ata nkomanzi;
- **Iterambere:** Umunyagihugu wese nzomuha akazi, yimenye, yiyungunganye, kuko impene irisha aho iziritse. Umuntu wese ni ukwiyungunganya aho akorera ntaze yizere umushahara wa Leta gusa. Umuntu azomara amezi atandatu mu kazi abe yamaze kwuzuzwa inzu yiwe. Nta wuzosubira gupanga yantoye.

Umugambi w'uwitoza wa kabiri

Nanje mfise imigambi y'uguharanira agateka ka zina muntu, no kurwanya ibihuha:

- **Agateka ka zina muntu:** Ni ukuvuga yuko, agateka kawe tuzokakubikira, tukakuziganiriza mu kigega c'ububiko. Tuzokagusubiza inyuma y'imyaka itanu amatora yandi akurikiye, tukaguhane n'inyungu ya 200%. Kugira ngo agateka kawe ntigate agaciro, uzogenda widegemvya, ata co uvuga, utarwanya Leta. Ah'ubwo Leta izoza iraguhera ngo uyivugire, n'agateka kawe kabandanye kagwira.
- **Kurwanya ibihuha:** Tuzorwanya ibihuha twivuye inyuma. Uwuzovuga ibiteye kubiri n'imigambi yacu myiza cane ya Leta nzoba ndongoye azoba avuze ibihuha. Kandi bizoca bigabanya inyungu yoronse kuri ka gateka twamuziganiriza.

Umugambi w'uwitoza wa gatatu

Jewe imigambi yanje ni uko ubutungane buzotunganiriza bose ata wandya wangura:

- Ubutungane kuri bose ni ukuvuga yuko mwese muri intungane. Jewe ndabemereye ko kuva ubu ata caha kikibaho, ko mwese muri intungane. Nta n'umwe azosubira guhanirwa ubusa, kuko nta kibi kikirihwo;
- Ahubwo uwuzogira akigoro ko gukorana natwe, azotunganirizwa birengeye! Ivyo azokora nta na kimwe azohanirwa, kiretse arwanije Leta gusa;
- Uwo bazobeshera ngo yarwanije Leta (kuzoba ari ukubesha kuko Leta yacu izoba ikora neza, nta wuzoyirwanya), bishitse bakabeshera umuntu icaha nk'ico, tuzomushumbusha. Mu kumushumbusha, tuzomushira mw'ihoteli nziza cane, aho azomara imyaka 10 abayeho ku buntu, aya, aryama, atariha ikintu na kimwe, vyose ari Leta ibimurihira!

Umugambi w'uwitoza wa kane

Jewe ndabemereye ko ku ntwaro yanje, INDERO izotera imbere:

- Abana bose baziga ku buntu, kandi nta mwigisha azoba akenewe, kuko abana barazi ubwenge bukwiye, bazokwigira kw'iradiyo no kuri televiziyo, batavuye i muhira;
- Kuva mu mwaka wa mbere, bazokwiga indimi 22: igifaransa, icongereza, ikidagi, igitariyano, ikiespagnol, igisuwedwa, ikirusiya, ikigiriki, igishinwa, icarabu, ikijaponais, ikidanwa, igiholande, ikiromani, igiceke, igislovake, igiportugal,...
- Kandi nta kirundi bazokwiga kuko kibabuza gutera imbere;
- Nta bibazo bazokora kuko ibibazo bibagorera ubusa, harimwo n'akarenganyo. Baramutse bakoze ikibazo ca Leta baze bagikore ata bwoba kuko bazokwunguruzwa bose;
- Bazoronka diplôme bose, kandi bazoca baronka uburenganzira bwo kubandaniriza i Buraya, mu gihugu cose bashatse kuko bazoba bize indimi zaho zose.

Umugambi w'uwitoza wa gatanu

Jewe umugambi wanje mukuru ni AMAGARA MEZA:

- Abantu bose ntibazoba bakirwara;
- N'ubushikiranjanji bw'amagara y'abantu tuzobuhindura bube ubushikiranjanji bwo kwakira abashitsi;
- Ibitaro vyose tuzobihindura amahoteli yo kuruhukiramwo, abagomba kumererwa neza ku wa gatandatu no ku wa mungu;
- Abazorwara nta muganga azokenerwa, kuko tuzobasengera, kuko Imana yacu ikora ibikomere, ikora ibitangaza gusa, nta n'uwuzosubira gupfa mu myaka itanu nzoba ndi ku butegetsu ni mwanyizera mukantora!

Umugambi w'uwitoza wa gatandatu

Jewe imigambi yanje ijanye n'ijambo ry'Imana. Ni mwantora ndabemereye ubuzima budahera:

- Nta wuzosubira kugira inzara n'inyota;
- Nta wuzosubira kubabara, n'uwuzokubitwa aho kurira azotwenga kuko umenga bazoba bariko baramudigadiga!
- N'uwuzokwicwa ntazopfa, azokwiberaho ibihe bidashira, kw'isi itagira amarira n'umubabaro;
- Ukabona n'uwufise inkoho ntuzotinye, izoba imeze nk'igikotikoti.

Umugambi w'uwitoza w'indwi

Umugambi wanje uzoba ushingiyeye ku ntwaro rusangi

- Umuntu wese azoba afise uburenganzira bw'uguserura akari ku mutima ;
- Umunyagihugu azotumbereza icyumviro ciwe agihanuje abandi;
- Tuzokwigisha umunyagihugu gukoresha uburyo butandukanye ngo ashikirize icyumviro canke icipfuzo;
- Tuzokwigisha umunyagihugu gushigikira icyumviro ciwe adatinye abakirwanya;
- Tuzokwigisha abarundi ubuhinga bwo guharirana udatwawe n'ibishobisho hamwe n'ugutatura amatati ata gitakaye;

Umugambi w'uwitoza w'umunani

Jewe ndabemereye ko ibizotunganywa ku ntwaro yanje tuzobikorera hamwe:

- Tuzobanza kwigira hamwe ivyo mukeneye;
- Tuzoja hamwe twiyumvire abazokora imigambi yacu ab'ari bo ;
- Uruhara rw'umugwi wose tuzorutomora ;
- Tuzomara imisi twigira hamwe iyo tuzokura amafaranga yo kuyishira mu ngiro ;
- Tuzotangura gukora ari uko vyose bitumbereye.

Umugambi w'uwitoza w'icenda

Umugambi wanje uzoba ushingiyeye ku migenderanire ikomeye y'uburundi n'amakungu

- Tugiyeye gushira imbere ukwubahiriza agateka ka zina muntu ;
- Tuzokomeza umutekano mu gihugu hagati ;
- Tuzokomeza imigenderanire n'ibihugu duhana imbibe ;
- Tuzokwubahiriza ibisabwa n'amakungu mu gukoresha ikigega ca Leta ;
- Tuzogabanya amahera agurwa ibigwanisho;
- Tuzokwongereza ibiro biserukira uburundi mu makungu

Umugambi w'uwitoza w'icumi

Umugambi wanje uzoba ushingiyeye k'uguteza imbere uburimiye

- Abanyagihugu bazoronswe imbuto zirobanuye ku giciro gito ;
- Abarimiye bose bazoronswe impanuro z'abigisha b'indimo;
- Tuzoronsa ifumbire ry'ikizungu abarimiye badafise ibitungwa;
- Tuzotanga impene n'inka mu miryango;
- Tuzokworohereza abanyagihugu bazoba bafise imigambi y'uburimiye n'ubworozi;
- Tuzokworosha uburyo bwo gushora ivyimbura vy'i Burundi mu makungu

**Mu bijanye n'amatora: Iyubare kugirango ntuhendwe
n'abanyeporitike barondera inyungu zabo.**

6.6. Kwiyumvira imbere y'ugufata ingingo

Ihangiro ry'iki gice

- Mu mpera y'iki gice, abitavye inyigisho baba bashobora gutahura neza amayeri yose abanyeporitike bakoresha mu gushika ku neza yabo bonyene. Gutyo, urwaruka ruzoshobora kuvuga ruti "OYA" canke „EGO“ abo banyeporitike batanguye kururyosharyosha.

Ikiringo: amasaha 2

Ubuhinga bwo kuremesha iki gice: Agakino

Ibikoresho mfashanyigisho

- Umugozi w'imetero 10 (werekana umuduga)
- Itafari (iradiyo)
- Amabuye canke ibigiga vy'ibiti (kuzibira ibarabara)
- Igipukuru canke isafuriya (guhamagara abantu: ingoma)

Gutomora

Umwanya	Igice bwite
10'	1) Gutanga ibikorwa: buca agakino kaba, abakinyi barahabwa ibikorwa, hanyuma uwitoza agasoma imigambi yiwe, maze bakaraba ko iyo migambi bayumvise neza. Basanze ko hari ico batumvise, barabasubiriramwo.
30'	2) Umusi wo gukina agakino, abakinyi barerekana ivyo bateguye. 3) Agakino karangiye, uwuremesha inyigisho arabaza ibibazo bikurikira: <ul style="list-style-type: none"> • <i>"Inyifato mbi y'uwitoza akabura amajwi yigaragariza kuki?"</i> • <i>"Inyifato mbi y'urwaruka yigaragariza kuki?"</i> • <i>"Ni izihe nyifato mwokura muri aka gakino?"</i>
10'	4) Bamaze gusubira muvyicarobose , uwuremesha inyigisho arasoma akongera agashikiriza muri make inyigisho ngenderwako zavuye muri iki gice kandi abari aho bose barakurikira ivyo avuga. Izo nyigisho ngenderwako zikurikirana n'iki gicapo.
10'	5) Uwuremesha inyigisho abaza urwaruka ruri aho ibibazo bikurikira: . Abonye ko batatahuye neza, araheza agasubiramwo ivyo yavuze mu ncamake y'ivyizwe: <ul style="list-style-type: none"> • <i>"Vuga ico mwatahuye muri iki gice?"</i>. • Abonye ko batatahuye neza, araheza agasubiramwo ivyo yavuze mu ncamake y'ivyizwe.


Inyigisho ngenderwako:

Muragabe!
Harashobora
kwaduka
akaguma ataho
gafatiye kugira
ngo babuze
abantu kuja
gutora.

Gerageza kwihweza
imigambi abitoza
bashikiriza mu
kwiyamamaza udafatiye
ku vyo baguhaye canke
bakwemereye (amahera,
inzoga, akazi n'ibindi).

Iyubare abagusaba
kuzibira amabarabara
mu kwerekana ko
batemera ivyavuye
mu matora.

Naho woba warakiriye ivy'abanyeporitike bahendesha abantu, urashobora gutora ikiri ku mutima. Umunyaporitike akwegera kugira ngo umutore, ariko umaze ku matora, ntuzosubira kumukubita ijisho.



Agakino

MBAZUMUTIMA YIKINGIYE AMABI MENSHI

Igice ca mbere

Abitavye inyigisho baba bari ku kibuga. Uwitoza araheza akazunguruka ico kibuga ahondagura igipukuru kugira ngo ahamagare abandi baze gukurikirana ukwiyamamaza kw'umukuru w'umugambwe n°1. Aca abamenyesha aho ukwo kwiyamamaza kubera, akabamenyesha n'igihe (isaha). Umukuru w'umugambwe aca ashika, abitoza nabo baba bari imbere yiwe.

- **Umukuru w'umugambwe 1:** “... mwankurikiranye neza ? Ni mwantora nkaba umukuru w'igihugu nzokwama ndabaha ivyo kunywa (inzoga) ku mpera y'indwi. Nzobigenza uku: naramaze kwumvikana n'umuvurati ko ku musi w'amatora imvura nyinshi izogwa kuva isaha zibiri z'igitondo ku misozi ikikije ikibanza c'amatora, kandi izohitana abantu benshi.
Murazinduka rero gutora kugira ngo ico kivura ntikizobahitane. Ikindi naco, kuva isaha zine z'igitondo muzozibira amabarabara agana ikibanza c'amatora kugira ngo abanywanyi b'iyindi migambwe ntibashobore kuhashika.
Inama irazeze, duhurire ku kabare kitwa “NDABAGURE” dusangire akarahuri.”
- **Abanyagihugu:** “Birahimbaye! Ni yaba umukuru w'igihugu tuzoguma dusoma mu mpera y'indwi”
“Oya! Bitangura uyu musi nyene! Yavuze ko tugira tuje gusangira amakaziye y'ibiyeri.”
“Ivyo ari vyo vyose, uyu ni we mukuru w'igihugu.”

Baca bava aho bakinira.
Guhanahana ibikorwa bushasha.

Igice ca kabiri

Abitavye inyigisho baba bari ku kibuga. Uwitoza araheza akazunguruka ico kibuga ahondagura igipukuru kugira ngo ahamagare abandi baze gukurikirana ukwiyamamaza kw'umukuru w'umugambwe. Aca abamenyesha aho ukwo kwiyamamaza kubera, akabamenyesha n'igihe (isaha). Umukuru w'umugambwe aca ashika, abitoza nabo baba bari imbere yiwe.

- **Umukuru w'umugambwe 2:** *"...mu ncamake, ivyegeranyo duhabwa n'abaduserukira mu ntara z'igihugu biremeza ko hariho ubukene bw'amavuriro, amashure, ibigo vyigisha imyuga abakuze. Ni mwantora nkaba umukuru w'igihugu, nzoshira imbere kwubaka ivyo vyose nadondaguye"*
- **Abanyagihugu:**
*"Yibagiye ko inyota itwisha."
"Ayo mabarabara n'amashure azokwubaka bizotumarira iki?"
"Bagenzi, tuzotora umwe yiyamamaza ubwa mbere kuko wewe aradufise ku mutima, yatwiciye akanyota."*

Igice ca gatatu

Amatora yarangiye, uwitoza ataronse amajwi akwiye yumviriza amatangazo kw'iradiyo. Urwaruka rwuzuye ku kibuga. Buno nyene, wa mukuru w'umugambwe 1 ataronse amajwi aca yiha akamo:

- **Umukuru w'umugambwe 1:** *"Eh! bavuze ngo iki? Umugambwe wanje watsinzwe? Sinkibaye umukuru w'igihugu? Ntaco bitwaye, nzokora ukwo bishoboka mpfume ndonka n'ubushikiranganji na bumwe bwobwo Nzobigenza gute none? Nzokwegeranya urwaruka, maze duhungabanye igisagara imbere yuko abagize Leta bamenyekana"*

Aca yurira umuduga wiwe be n'umushoferi, agaca aja kurondera urwaruka mu bice bitandukanye vy'igisagara (gukoresha umugozi mukugereranya imodoka)

- **Umukuru w'umugambwe 1:** *"Bagenzi, amatora yaribwe, umugambwe wacu ntiwatsinze amatora Tugira tuje kuzibira amabarabara yose yinjira mu gisagara kugira ngo dutere ubwoba abatowe. Mwatahuye?"*
- **Urwaruka:** *"Ego"*
- **Umukuru w'umugambwe 1:** *"Twagiye!"*

Igice ca kane

Urwaruka rurarunda ibigiga n'amabuye mw'ibarabara rukongera rukabicungera. Hirya yarwo gatoya, umukuru w'umugambwe 1 aba ariko yumviriza amatangazo mw'iradiyo.

- **Umukuru w'umugambwe 1:** *"ohoo! Bangenye kuba Umushikiranganji w'ikigega ca Leta. Aho rero!"*

Aca asoboka akagenda ataco abariye ba banywanyi biwe

Abapolisi baca bashika giturumbuka:

- **Abapolisi:** *"Ryame hasi!"*

Baca baboha urwo rwaruka bakarujana mw'ibohero. Bamwe bamwe muri rwo barashobora kwiruka, bagahunga.

Vuga "ndahakanye/Oya" canke "ndemeye/Ego" ukoresheje ubwenge bwawe uravye ingaruka z'ico wohejwe gukora.

6.7. “Bambwiye ngo...”

Ihangiro ry’iki gice

- Gutahura ko inkuru itanzwe ku munwa (itanditse) ihindagurika ningoga na ningoga kandi ko ari bibi cane gutwarira hejuru inkuru itatohojwe

Ikingiro: Iminota 30

Ubuhingana bwo kuremesha iki gice: kwigana inkuru

Ibikoresho mfashanyigisho



- Agasomwa dusanga mu gicapo gikurikira

Gutomora

Umwanya	Igice bwite
10’	<p>1) Kwigana inkuru</p> <ol style="list-style-type: none"> 1) Uwuremesha inyigisho arabaza mu bazitavye ko harimwo uwushaka kwumviriza inkuru kugira ngo ahawe ayiganira uwundi muntu na we. 2) Uwo muntu n° 1 amaze kuboneka, uwuremesha inyigisho aca abaza ko harimwo abandi bantu 9 bavyishakiye bogerageza kwigana inkuru. Abo bantu 9 babonetse, baca basohoka hanze. Uwuremesha inyigisho arababwira ko ahava abinjiza mu kanya kari imbere (umwe umwe). 3) Uwuremesha inyigisho arasaba abandi bazitavye kwihweza ibigira bibe. Bategerezwa kwihweza batekereje, hanyuma bagaha bakavuga ivyo babonye. <ul style="list-style-type: none"> • Igice kimwe kirashobora kwihweza ibice vy’inkuru bija biratakara uko inkuru ija iratangwa iva kuri umwe ija k’uwundi ; • Ikindi gice kikiweze cane cane ku bice vy’iyo nkuru vyagiye birahindurwa uko inkuru iva kuri umwe ija k’uwundi. 4) Uwuremesha inyigisho arasomera agasomwa wa muntu n°1; akamwumvisha ko ategerezwa guhava asubiriramo ivyo yumvise umuntu wa mbere aja kwinjira. <i>“Umushingamateka wacu RUMONGE Firipo yaganutse avuye mu rugendo yahoramwo i Buraya mu gihugu c’Ubufaransa n’Ibureseri. Mu vyamujanye harimwo gushimira uwurongoye igisagara ca Paris ku mfashanyo yatanze yo kwubaka amashuri abiri. Uwo murongozi w’igisagara yaribarutse umuhungu mu mwaka uheze kandi umushingamateka wacu ni we yamuvyaye kw’ibatisimu. Aranzerejwe cane n’iryo teka yatewe”.</i> 5) Uwuremesha inyigisho arinjiza umuntu umwe muri babandi barindiririyeho hanze. Wa muntu n° 1 aca yiganira umuntu n° 2 ivyo uwuremesha inyigisho yamusomeye. 6) Wa muntu n° 1 aca asubira kwicara mu kibanza ciwe. Muri icyo gihe, aca aja mu mugwi w’abihweza ibiba batekereje. Uwuremesha inyigisho aca yinjiza umuntu n° 3. 7) Umuntu n° 2 ariganira umuntu n° 3 ivyo ahejeje kwumva. Ahejeje kwigana, aca yicara akajya mu mugwi w’abihweza ibiba batekereje. 8) Umuntu n° 4 aca yinjira, bikabandanya gutyo gushika aho abari hanze bese binjira.

12'	<p>2) Kwihweza</p> <ol style="list-style-type: none"> 1) Umuntu wanyuma ahejeje kubwirwa ibiri muri ca gisomwa, uwuremesha inyigisho araheza agasomera abazitavye bose ca gisomwa nyene yasomera umuntu n° 1. 2) Uwuremesha inyigisho arasaba urwaruka ruri aho kugereranya inkuru rwumvise muri ico gisomwa ahejeje kurusomera hamwe n'iyi umuntu yinjiye ubwa nyuma yabwiwe. 3) Uwuremesha inyigisho arasaba abakurikiranye (abihweje) ivyabaye kuvuga ivyo batahuye. 4) Uwuremesha inyigisho arasaba urwaruka ruri aho ngo ruvuge: <ul style="list-style-type: none"> • “ivy’ rwatahuye muri ico gice c’inyigisho bafatiye muri rusangi (mu buzima bwa misi yose)” ; • “ivy’ rwatahuye muri ico gice c’inyigisho bafatiye ku matora”.
3'	<p>3) Uwuremesha inyigisho arasoma akongera agasigura inyigisho ngenderwako zavuye muri iki gice kandi abari aho barakurikira ivyo avuga. Izo nyigisho ngenderwako zikurikirana n’iki.</p>
5'	<p>4) Mu kumenya ko inyigisho ngenderwako zatahuwe neza:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Uwuremesha inyigisho arasaba urwaruka ruri aho ngo rutange uturorero nyatwo tw’ivyaranguwe n’uwuserukira abandi yatowe (kwubaka amabarabara, amashure n’ibindi).

Inyigisho ngenderwako:



D13: Uburenganzira bwo kubaza abatowe aho bagejeje imigambi bemeye.



7. Ugusozera

ገጽ 14 : “Akanya ko gusozera”



7.1. Kwihweza ivyashitsweko n'ukwiyumvira akazozza

Amahangiro y'iki gice

- Guha akanya umwe umwe mu bitavye inyigisho ko gushikiriza ingene yabonye ivyabereye muri zo
- Uwitavye inyigisho wese ategerezwa kumenya ingendo ibereye urwaruka rw'i Burundi

Ikiringo: 1H45

Ubuhinga bwo kuremesha iki gice: Guhanahana ivyiyumviro mu migwi

Ibikoresho mfashanyigisho

- Agapukuru (canke inkofero) yerekana isandugu yo gutoreramwo
- Ishuka (canke igitambara) gikingira ubwiherero
- Amababi 30 y'igiti A
- Amababi 30 y'igiti B
- Amakaramu atatu, n'impapuro zitatu
- Utwatsi dutatu tutanganya igihagararo

Gutomora

Umwanya	Icigwa bwite
5'	1) Abitavye inyigisho baragira umuzingi.
5'	2) Uwuremesha inyigisho arakira utwatsi dutatu tutanganya igihagararo. Aca asaba abari aho gukora kuri twa twatsi (umwe wese akora ku katsi kamwe gusa: "gatoya", "akagereranye" "kanini"). 3) Araheza agasaba ko abakoze ku katsi kamwe kamwe baja hamwe. Abakoze ku katsi "gatoyi" baja i buryo, abakoze ku "kagereranye" baja i bubamfu, abakoze kuri "kanini" baja imbere y'uwuremesha inyigisho. 4) Haraheza hakagenwa umwanditsi, maze uwuremesha inyigisho akamuha ikaramu n'urupapuro.
5'	5) Uwuremesha inyigisho arashikiriza ibibazo bitatu, hanyuma agasaba umwanditsi kuvyandika: <ul style="list-style-type: none"> • "Mwungutse iki mu nyigisho twabonye?" • "Ni ibihe bintu 6 mwashimye (canke mwaneguye)?" • "Inyuma y'uyu mugambi mutegekanya gukora iki?" Uwuremesha inyigisho aragenda ko abari mu nyigisho batahuye neza ibibazo.
30'	6) Uwuremesha inyigisho arasaba abagize umugwi umwe umwe guhitamwo ikibanza gitomoye bakoreramwo, hatagira urwamo (hanze canke mu nzu). Kandi abagize umugwi umwe umwe bakorera ukwabo. Umwanditsi w'umugwi umwe umwe arasomera ibibazo abawugize. Abagize umugwi baba bafise iminuta itarenga cumi yo guhanahana ivyiyumviro ku kibazo kimwe kimwe cose.
10'	7) Uwuremesha inyigisho arakoranyiriza hamwe mu nzu abagize imigwi yose. Uwuyiyifuzza aserukira umugwi umwe umwe arashikiriza icegeranyo c'ivyo bashitseko; kandi abigira mu kanya gatoya.

10'	8) Uwuremesha inyigisho arabaza ibi bibazo: <ul style="list-style-type: none"> • <i>“Mutegekanya kuzokora iki imbere y’amatora ya 2015?”</i> • <i>“Mutegekanya kuzokora iki mu kiringo c’amatora ya 2015?”</i> • <i>“Mutegekanya gukora iki mu kiringo c’inyuma y’ibi vyigwa?”</i>
10'	9) Uwuremesha inyigisho arashikiriza ko agira asome igisomwa gihava gitorwa arangije ku gisoma cose. Uwuremesha inyigisho araheza agasoma. <i>“Ingendo ibereye urwaruka rw’i Burundi”</i> ikigabane ku kindi. Ikigabane kimwe kimwe cose giheze, uwuremesha inyigisho arabaza utu tubazo: <i>“Mwatahuye iki?”, “Hari ibibazo mufise?”</i> .
5'	10) Ahejeje gusoma igisomwa cose, aca amenyesha ko amatora agira atangure. Avuga ati: <i>“Muraja kubona udupapuro two gutora tubiri imbere yuko mwinjira mu bwihereho:</i> <ul style="list-style-type: none"> • <i>Uwushigiye izo ngingo ziranga ingendo ibereye kandi yipfuzza kuzikurikiza mu kiringo cose c’amatora n’inyuma yayo aca ashira agapapuro A mw’isandugu yo gutoreramwo,</i> • <i>Uwutazishigikiye canke yiyumvira ko bidakunda ko zija mu ngiro ashira agapapuro B mw’isandugu yo gutoreramwo,</i> • <i>Abitavye inyigisho baca bagira uko nyene ku vyerekeye ivyo bazokora inyigisho zarangiye.</i> <i>Ayo matora aheze, turaja guharura amajwi. Ni nde yifuzza kudufasha guharura amajwi? Hari ibibazo mufise?”</i>
10'	11) Abitavye inyigisho babiri baca bafata igitambara cerekana ubwihereho hamwe n’isandugu yo gutoreramwo (igipukuru canke inkofero). Baca baja iruhande ya bamwe baharura amajwi n’uwuremesha inyigisho. 12) Abitavye inyigisho baratora (umwe umwe). 13) Amajwi aharurwa ari uko abaje mu nyigisho bose bahejeje gutora.
15'	14) Uwuremesha inyigisho arashikiriza ku mugaragaro ivyavuye mu matora, afashijwe na bamwe baharura amajwi. 15) Uwuremesha inyigisho arabaza abazitavye: <ul style="list-style-type: none"> • <i>“Vyagenze gute ngo amatora aduhe ibi biharuro? Ni igiki gitomoye kiri muri izi ngingo ziranga ingendo y’urwaruka? Muneguramwo iki? Twozitosora gute? Vyoba bishoboka kwubahiriza n’ugukurikiza izo ngingo”</i> • <i>“Nimba muri mwebwe harimwo abifuzza gushira umukono kuri izi ngingo, ndabahaye uburenganzira bwo kubigira.”</i> Uwuremesha inyigisho arashimira abazitavye kubona barazitavye zose. Baraheza bagasangira ivyo kunywa n’ivyo kurya bateguye, bakinezereza.



IVYAKORESHEJWE MU KWANDIKA IKI GITABU MFASHANYIGISHO

1. Stratégie Nationale de Bonne Gouvernance et de Lutte contre la Corruption,
Ministère à la Présidence chargé de la Bonne Gouvernance et de la Privatisation,
Adopté par le Conseil des Ministres le 20 Octobre 2011.
2. La corruption : un obstacle à la stabilité sociale et aux droits de l'homme au Burundi
Antoine NGENDABANKA
3. Une histoire de l'idée de participation civique
Paul MAGNETTE
4. L'éducation à la citoyenneté
Quelques idées fortes pour l'apprentissage de la citoyenneté
Quelques notions clés
5. Sociologie des organisations, UCL
MOLITOR
6. Démocratie épistémologique
DESAUTELS et LAROCHELLE, 1992, p.77-78)
7. Développement durable : « un mode de développement qui permet aux générations présentes de satisfaire leurs besoins sans compromettre la capacité des générations futures à satisfaire les leurs ».
Bruntland 1987
8. Mesurer la gouvernance, la démocratie et la participation citoyenne à partir des enquêtes auprès des ménages
Governance Assessment Portal
10 mars 2010
François Roubaud, Mireille Razafindrakoto
Javier Herrera, Emmanuelle Lavallée, Mathias Kuepié,
Xavier Oudin, Jean-Michel Wachsberger
(IRD, Université Paris-Dauphine)
9. Constitution de la République du Burundi
Mars 1992